ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№209 (22.616) ● 2013 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 24, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail1.ru adyghspale.ru

Къанокъуэ Арсен нэхъ зэIухауэ лажьэ унафэщI 20-м ящыщщ

«МониторингымкIэ лъэпкъ къулыкъущIапIэм» 2013 гъэм и фокIадэ мазэм УФ-м и субъектхэм я унафэщIхэм я медиа-рейтинг игъэхьэзырац. Абы ипкъ иткIэ КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен яхэхуащ УФ-м и щIыналъэхэм я унафэщIхэу цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм я дежкIэ нэхъ зэIухауэ къальыта 20-м.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Республикэм и Iэтащхьэм КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэр егъэув

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэм и къулыкъушIапIэ Iутыд Юрий теуваш. Абы теухуа Указым Iэ щIидзащ республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен.

Альтуд Юрий Къамболэт и къуэр 1954 гъэм Дзэлыкъуэ районым щыщ Сэрмакъ къуажэм къыщалъхуащ. Москва дэт инженер-физикэ институтыр, 2005 гъэм - Къэрал зэхуакъ эколого-политологие университет щхьэхуитыр (Москва къалэм) кьнухащ. И Iэщ1агъэкIэ физикэмкIэ инженерщ, физико-математикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ, техникэ щIэныгъэхэм я докторщ, профессорщ, Урысей Федерацэм Технологие щIэныгъэхэмкIэ и академием и действительнэ членщ, Урысейм Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ и академием и действительнэ членщ, Урысей Федерацэм щIэныгъэмрэ техникэмрэ я Iэнат1эмкIэ и Къэрал саугъэтым и лауреатщ.

ИрихьэкIа Iэнат1эхэр

1971 гъэм и фокIадэм - 1974 гъэм и мазаем - Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студентщ, Налшык къалэ

1974 гъэм и мазаем - 1978 гъэм и Iэатхэпэм - Москва дэт инженер-физикэ институтым и студентщ

1978 гъэм и Iэатхэпэм - 1981 гъэм и жэпуэгъуэм - Москва дэт инженер-физикэ институтым и аспирантщ

1981 гъэм и щэкIуэгъуэм - 1992 гъэм и Iэатхэпэм - СССР-м Электрон промышленностымкIэ и министерствэм и «Элькор» производствэ зэгухьэныгъэм полупроводник Iэмэпсымэхэр къыщIэныгъэкI и заводым (Налшык къалэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ) и лабораторэм и унафэщIщ, конструктор бюро хэхам и унафэщIым и къуэдзэщ, инженер нэхъыщхьэщ

1992 гъэм и Iэатхэпэм - 1992 гъэм и жэпуэгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкур зехьэныкIэ и къэрал комитетым и унафэщIщ, Налшык къалэ

1992 гъэм и жэпуэгъуэм - 1995 гъэм и мазаем - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и премьер-министрым (Правительствэм и Унафэщым) и къуэдзэщ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкур зехьэныкIэ и къэрал комитетым и унафэщIщ, Налшык къалэ

1995 гъэм и мазаем - 1995 гъэм и дыгъэгъаэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и премьер-министрым (Правительствэм и Унафэщым) и къуэдзэщ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкур зехьэныкIэ и къэрал комитетым и унафэщIщ, Налшык къалэ

1995 гъэм и дыгъэгъаэм - 1996 гъэм и фокIадэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Премьер-министрым (Правительствэм и Унафэщым) и япэ къуэдзэщ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэр зэпIэзэрыт щIыжьныгъэ абы зегъэужьыныгъэ» программэм и Административнэ комитетым («Къэбэрдей-Балъкъэр» экономикэ щIыналъэ щхьэхуитым и Администрацэм) и Iэтащхьэщ, Налшык къалэ

(КIуэхыр 2-нэ нап.).

Сурэтхэр **ТОЛГУРОВ Камал** *трихащ.*

ЩIыналъэхэр зэпызыщIэ зэхыхьэ

«Iуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащIэ къафэхэр» III дунейпсо Iуэрыуатэ фестивалыр жэнуэгъуэм и 22-м Налшык Профсоюзхэм щIихабзэмкIэ я унэм къыщызэIуахащ.

ПШЫХЬЫР езыгъэкIуэкIхэм фIыщIэ хуащIащ къэрал зэхуэмыдэхэм кынкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкI фестивалым хэтыну, зи щэнхабзэ хьугъуэфIыгъуэхэр, къафэ гъуазджэр зыгъэльэгъуэну кьытхуеблэгъахэм.

Зэхыхьэм хэтхэр утыкум чэзуэу кьрашэурэ зэхуэсахэм ирагъэщIыхуащ. Я1эу утыкум къохьэ Филиппины къикIа «The Halili-Cruz Dance Company» гупыр. Абы лъэпкъ къафэ зэхуэмыдэхэр егъэзащIэ. Брунейм, Малайзием, Таиландым, Сингапурым, Индонезием, Гонконг, Японием, Австралием, Китаим, Корее Ищ1эм, Индж1ылызым, Макао, Нью-Йорк, Калифорнием (США) щекIуэкIа дунейпсо фестивалхэм мы къэфакIуэхэр хэтащ, зэпеуэ зыбжанэми пашэ щыхъуащ.

Франджым и «Ballet de Savoie» IуэрыIуатэ ансамблыр 1936 гъэм къызэрагъэпэщащ. Австрием, Бельгием, Хорватием, Чехием, Финляндием, Германием, Венгриеи, Италием, Польшэм, Румынием, Бразилием, Аргентинэм, Мексикэм, Украинэм, Коста-Рикэм щекIуэкIа фестивалхэм гупым Франджым кьыбгъэдэкIыу зыкъыщигъэтъэгъуащ. КьыщыпэмыщIауэ, 1966 гъэм щыщIэдзауэ Франджым щекIуэкI «Дунейпсо щэнхабзэ» мамырыгъэ фестивалыр къызэзыгъэпэщари мы къэфакIуэ гупырщ.

(КIуэхыр 2-нэ нап.).

● Щэнхабзэ

Iэгуауэшхуэ зыхуаIэта гупыр

«Виртуозы Москвы» камернэ хорым и концерт Налшык, Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм, щекIуэкIащ. Гъуазджэм и лэжьакIуэхэри классикэ макъамэм дихьэххэри зыпэплъам куэдкIэ ефIэкIащ жыпIэкIэ ущымыуэну, пшыхьыр щIэщыгъуэ хьуат.

Я1э Iыхьэм щыIуащ дунейпсо классикэм щыщ макъамэхэр. Гупым и лэжьакIэр иджыри зэ щыхьэт техьуащ камернэ оркестр нэхъыфI дыдэу къальытэхэм «Виртуозы Москвы»-р зэращыщым. Концертым къэкIуахэр щыту куэдрэ Iэгу хуеуащ музыкант цIэрыIуэхэм.

Концертыр егъэлеяуэ я1ъэдзэщ дунейпсо зэхьэзэхуэхэм я лауреат, тенор цIэрыIуэ Неклюдов Алексейрэ Урысейм и Театр Иным и уэрэджыIакIуэ Яровэ Алевтинэрэ. Классикэ Iэдакъэщ1ажьэм щыщ ариеу абыхэм я1ъэзэщIахэм кьагъэльагъуэрт bell canto жыпхъэмрэ урыс уэрэджыIакIуэ школым и хабзэхэмрэ я фIыпIэр.

КъБР-м и цIыхубэ артист Спиваков Владимир и гупым игъэзэщIа «Гимн красоте» макъамэр абы хуиГъэпсащ мы гъэм зи илъэс 75-р зыгъэлъапIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэпакIэ, дирижёр цIэрыIуэ Темырканэ Юрэ.

Концерт дахэр зэхуащIыжащ Пьяццоллэ Астор и «Танго любви» IэдакъэщIэкI лъэщымкIэ. Абыкъэ оркестрыр яхуэупсаш ди республикэм и цIыхубэ дахащхэм.

ГЕРАСИМОВЭ Риммэ.

● Хъыбар гуапэ

Топ джэгупIэщIэхэр

Илъэсым и кIэ пщIондэ Бахъсэн районым нIэ хъунущ мини-футбол щыдджэгну губгъуэщIэу блы.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2009 - 2015 гъэхэм футболым зыщегъэжьыжьын» республикэ программэ хэхар ягъэзащIэуэрэ, апхуэдэуи «Кавказ Джэгухэр-2012» спорт фестивалым зэрыщыткIуам папщIэ къыхуагъэфэца грантыр кьагъэсэбэпурэ Бахъсэн куейм щаух мини-футбол джэгупIэхэм я лъабжьэхэр щыныр.

А лэжьыгъэр Кыщпэк, Испаемэй, Куба, Бахъсэненкэ, Крем-Константиновкэ жыIэхэм зэрыщыкIуэкIам щыгъуаз зищIащ КъБР-м спортымрэ туризмэмкIэ и министрым и къуэдзэ Мамхэгъ Хьэчим. Абы щыгъуащ къуажэхэм я Iэтащхьэхэмрэ Бахъсэн районым и спорт комитетым и унафэщIхэмрэ.

«Дызэрыт илъэсым и кIэ пщIондэ Къэбэрдей-Балъкъэрым хьэзыр щыхъунущ мини-футбол джэгупIэщIэу щэщI. Дыщогугъ ди республикэм апхуэдэ уэхуэныгъэхэмкIэ къэралым япэ увыпIэр щIибудыну», - жиIащ Мамхэгъ Хьэчим.

АБАЗЭ Iерэ,

Бахъсэн куейм и щыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 24, *махуэку*

◆Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН-м) и махущ. 1945 гъэм ООН-м и Уставыр къащтащ.

◆Жэпуэгъуэм и 24 - 31-хэр Iэщхэр гъэкIуэдыжьыным и тхьэмахущ. ООН-м и Ассамблее Нэхьыщхьэм и сессием 1978 гъэм кьищта унафэм ипкъ иткIэ ирагъэкIуэкI.

◆ Зыужьыныгъэм теухуа хьыбархэм я дунейпсо махуэщ

◆Жэпуэгъуэм и 24 - 25-хэм Бельгием и къалащхьэ Брюссель щекIуэкIынущ Европэ советым и сессие. Абы хэтынущ а щIыналъэм хиубыдэ къэралхэм я Iэтащхьэхэмрэ правительствэхэм я унафэщIхэмрэ.

◆1921 - 1938 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIу щыта **Къалмыкъ БетIал** къызэралъхуэрэ илъэси 120-р ирокъу.

◆Адыгей усакIуэ **Хьэткъуэ Ахьмэд** къызэралъхуэрэ илъэси 112-р ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru»сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэрхьэ техьэ-текIыу щыщытынущ, Хуабэр махуэм градуси 7 - 12, жэщым градуси 3 - 8 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 25, *мэрем*

◆ЦIыхубэхэр мамырыгъэм щIэбэныным и дунейпсо махуэщ

◆Урысей Федерацэм и таможенникым и махуэщ

◆Къэзахстаным щагъэльапIэ Республикэм и махуэр

◆1653 гъэм Урысейм таможенно Iэнат1э къыщызэрагъэпэщащ, абы и устави къыщащтащ.

◆ Австрие композитор, скрипач, дирижер **Штраус Иоганн** (кьуэр) къызэралъхуэрэ илъэси 188-р ирокъу.

◆ТхакIуэ **Елмэс Хьэжбий** къызэралъхуэрэ илъэси 102-р ирокъу.

◆Журналист, УФ-ми КъБР-ми щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Мырзэкан Суфян** и ныбжьыр илъэ 85-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru»сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэрхьэ техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 12, жэщым градуси 3 - 8 щыхъунущ.

Зыужьхэмрэр **ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Мариэнэ.**

● Къэрал Iуэхущ1апIэхэм

Мы гъэм щегъэжьауэ

Зэуэ быниц зыгъуэт анэхэм дяпэкIэ зэ етыгъуэу мылку хухахынущ. КъБР-м и Парламентым и депутатхэм жэпуэгъуэм и 18-м зэхэта зэIущIэм абы теухуа Закон кьыщащтащ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, ар кьыхъэзылъхьар республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсенщ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и дэтхэнэ унагъуэми сабиищ мынэхъ мащIэ кьихъуэну, илъэс кьэс мини 10-м кьыщыщIэдзауэ мин 20-м нэблагъэ кьытхуалъхуну сохьуапсэ. Ди къэкIуэнур, республикэм и зыужьныныгъэр щIэблэм ельытащ, - кьыщыхигъэщат абы шыщхьэуIу кIуам зэхэта Правительствэм и зэхьэхьэм. А пщэрыльым тету «Унагъуэр, анагъэр, адагъэр, сабиигъуэр хьумэным и Iуэхукъ» законым зэхьэкIынныгъэхэр халъхьащ.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министр Тюбеев Альберт зэрыжиIам кIэ, зэхьэжьныныгъэхэм ялъэ иткIэ, зэуэ быниц е нэхъыбэ зыгъуэт унагъуэм мы гъэм щыпшылэм и 1-м щегъэжьауэ дэтхэнэ сабиймэ хуэзэу зэ етыгъуэу сом мин 50 хухах. Абы кьызэригъэлъэгъуамкIэ, 2009 гъэм республикэм зэуэ сабиищ кьыщалъхуащ. Нэгъабэ унагъуэщым, мы гъэм - зым апхуэдэ хэхьэхэр яIащ.

Федеральнэ программэхэм къадэкIуэу, унагъуэшхуэхэм зэрызыщагъакъуэ Iуэхугъуэ зыбжани республикэм щагъэзащIэ. Кьапщтэмэ, бынт 5 е нэхъыбэ къэзылъхуа, зыпIа цIыхубзым «Анэм и щIыхь» медалыр хуагъэфащэ, дэтхэнэ сабиймэ хуэзэу зэ етыгъуэу сом мини 10 хухах. КьищынэмыщIауэ, бынт 10 е нэхъыбэ зиIэ унагъуэхэм «Газель» автобус цIыкIум хуэдэ ират. Нобэ ирихьэлIэу бын куэд зыпIа анэу 134-м медаль хуагъэфащащ. Апхуэдэу «Анэм и щIыналъэ мылку» зыфIаща программэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзащIэ. Етхуанэ сабиир е нэхъыбэ кьыщалъху унагъуэм, псэупIэ ираухуэн, кьращэхун папщIэ социальнэ дэIепыкъуныгъэ сом мин 250-рэ хухах.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ.

● АПК

Нэгъабэрей бжыгъэхэм щIегъу

Къэбэрдей-Балъкъэрстатым кьызэритамкIэ, мы гъэм и мазибгъуэм республикэм и хозяйствэ лIэужьыныгъэ псомм мэкъумэщхэкIыу сом мелард 22,4-м нэблагъэ и уасэ кьыщалIэжьащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм ельытауэ процентри 2-кIэ нэхъыбэщ.

ЖЭМХЭРИ хэту, Iащ1ашхуэм и бжыгъэр гъэ кIуам и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм зэрыхъуу щытам къытенэжащ. Iащ1эвыщIэр мин 276,2-рэ, жэмхэр мини 133,7-рэ мэхъу.

IащэкIыу кьалэжьым хохъуэ. Гъэшу тонн мин 322,7-рэ кьаашащ. Быпымыпрэ джэдкъазыпу тонн мин 61,5-рэ кьалэжьащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм яхуэзэфIэкIам процент 1,3-кIэ щIегъу. Джэдыкъу мелуани 144,3-рэ е илъэс кIуам ельытауэ процентри 3-кIэ нэхъыбэ кьрахащ.

Мазэ 9-м гъэшу кьашам и процент 70-р, лыуэ кьалэжьам и процент 85-р унагъуэхэм хуоз3.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Дыщэр къыщыщIахми щыгъапIэщ.

● Футбол

«Нефтехимик» (Нижнекамск) - «Спартак-Налшык» - 0:0

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым 2013 - 2014 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ дыгъуэпшыхь Нижнекамск кьалэм щекIуэкIа зэIущIэм апхуэдэ бжыгъэ кьрикIуащ.

«Нефтехимик»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» я зэIущIэр зэрекIуэкIамрэ зи чэзу джэгугъуэм и ужьхьI турнир таблицэм игъэта теплъэмрэ ятеухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ХЬЭТАУИслъам.

Къанокъуэ Арсен нэхъ зэIухауэ лажьэ унафэщI 20-м ящыщщ

«МониторингымкIэ лъэпкъ къулыкъущIапIэм» 2013 гъэм и фокIадэ мазэм УФ-м и субъектхэм я унафэщIхэм я медиа-рейтинг игъэхьэзырац. Абы ипкъ иткIэ КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен яхэхуащ УФ-м и щIыналъэхэм я унафэщIхэу цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм я дежкIэ нэхъ зэIухауэ къальыта 20-м.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Республикэм и Iэтащхьэм КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэр егъэув

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэм и къулыкъушIапIэ Iутыд Юрий теуваш. Абы теухуа Указым Iэ щIидзащ республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен.

Альтуд Юрий Къамболэт и къуэр 1954 гъэм Дзэлыкъуэ районым щыщ Сэрмакъ къуажэм къыщалъхуащ. Москва дэт инженер-физикэ институтыр, 2005 гъэм - Къэрал зэхуакъ эколого-политологие университет щхьэхуитыр (Москва къалэм) кьнухащ. И Iэщ1агъэкIэ физикэмкIэ инженерщ, физико-математикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ, техникэ щIэныгъэхэм я докторщ, профессорщ, Урысей Федерацэм Технологие щIэныгъэхэмкIэ и академием и действительнэ членщ, Урысейм Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ и академием и действительнэ членщ, Урысей Федерацэм щIэныгъэмрэ техникэмрэ я Iэнат1эмкIэ и Къэрал саугъэтым и лауреатщ.

ИрихьэкIа Iэнат1эхэр

1971 гъэм и фокIадэм - 1974 гъэм и мазаем - Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студентщ, Налшык къалэ

1974 гъэм и мазаем - 1978 гъэм и Iэатхэпэм - Москва дэт инженер-физикэ институтым и студентщ

1978 гъэм и Iэатхэпэм - 1981 гъэм и жэпуэгъуэм - Москва дэт инженер-физикэ институтым и аспирантщ

1981 гъэм и щэкIуэгъуэм - 1992 гъэм и Iэатхэпэм - СССР-м Электрон промышленностымкIэ и министерствэм и «Элькор» производствэ зэгухьэныгъэм полупроводник Iэмэпсымэхэр къыщIэныгъэкI и заводым (Налшык къалэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ) и лабораторэм и унафэщIщ, конструктор бюро хэхам и унафэщIым и къуэдзэщ, инженер нэхъыщхьэщ

1992 гъэм и Iэатхэпэм - 1992 гъэм и жэпуэгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкур зехьэныкIэ и къэрал комитетым и унафэщIщ, Налшык къалэ

1992 гъэм и жэпуэгъуэм - 1995 гъэм и мазаем - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и премьер-министрым (Правительствэм и Унафэщым) и къуэдзэщ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкур зехьэныкIэ и къэрал комитетым и унафэщIщ, Налшык къалэ

1995 гъэм и мазаем - 1995 гъэм и дыгъэгъаэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и премьер-министрым (Правительствэм и Унафэщым) и къуэдзэщ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкур зехьэныкIэ и къэрал комитетым и унафэщIщ, Налшык къалэ

1995 гъэм и дыгъэгъаэм - 1996 гъэм и фокIадэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Премьер-министрым (Правительствэм и Унафэщым) и япэ къуэдзэщ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэр зэпIэзэрыт щIыжьныгъэ абы зегъэужьыныгъэ» программэм и Административнэ комитетым («Къэбэрдей-Балъкъэр» экономикэ щIыналъэ щхьэхуитым и Администрацэм) и Iэтащхьэщ, Налшык къалэ

(КIуэхыр 2-нэ нап.).

● Лъэмыжхэр

Ягъэувэ пIалъэм и пэ къихуэу

Бахъсэн псым телъхэм ящыщу ядкъыри зы лъэмыж зэратъэпэщыжащ. КъБР-м ТранспортымкIэ, связыкIэ гъэуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм и комиссэм кьыпIщыгъэри, ягъэувауэ щыта пIалъэм и пэ къихуэу ар къызэIуахыжащ.

ТЫРНЫАУЭ къыпэзыкIуэх гъэуэгум Бахъсэн псыр щыхъэпиупщIам деж телъ лъэмыжыр зэхьигъэпэщыжар «КавказСтрой» Iуэхущ1апIэрщ.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ апхуэдэ ухуэныгъэхэр зэгъэпэщыжынырыр куэду зэпыщIа лэжьыгъэ гугъущ. Зэрагъэпэщыжыну щыпIэхэм деж, щынагъуэнщагъэр къызэрагъэпэщын мурадкIэ, япэщыкIэ щагъэув гъэуэгу дамыгъэ хэхахэр. И1ужькIэ лэжьыгъэхэм щIидзэ.

УхуакIуэхэм лъэмыжыр зытелъ нэпкъ етIысэхахэр кьыдрашеижащ, ахэр зэрызыгъэубыд плитэхэр, щIэгъэкъуэнэр нэхъри ягъэбыдащ, абы и щхьэфэр трагъэжьакIыжащ, и гъунэжьм Iут гъущI зэпыгъэвахэр зэрахъуэжащ, ялащ, гъуэгум дамыгъэхэр традзэжащ.

Щыуэ зэпыдза, асфальтрэ бетон IувкIэ зи щхьэфэр ягъэбыдэжа лъэмыжым иджы утемышынныхьми хъунущ - абы хуэзыгъыныщ иризекIуэну транспорт лIэужьыгъуэ псори.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Тырныауэ къыпэм пэмыжыжьэу Бахъсэнэмыкъ телъ нэгъуэщI зы лъэмыжи нэгъабэ зыхуэй хуагъэзэуэ щытащ.

2014 гъэм зэрагъэпэщыжынну я мурадщ Тырныауэ къыпэзыкIухь гъуэгур. Абы Iэмал кьитынущ Iущащхьэмахуэ лъапэ кIуэуэ къалэм дыхьэ транспортыр нэхъ мащIэ щыпIыкIэ.

КЪУМЫКЪУ Мадинэ.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хьэхьэ щIыналъэхэм ящыщу цIыхур Iэмал имыIэу зыхуей ерыскъыпхъэхэм я уасэр щынэхъ мащIэр Къэбэрдей-Балъкъэрырщ.

АЭЖЬЭФЫНУ зы цIыхум тещIыхьа ику ит урысейпсо мардэхэм япкъ иткIэ, цIыхур Iэмал имыIэу зыхуеину ерыскъыпхъэхэм я уасэр, 2013 гъэм и фокIадэм и кIэм ирихьэлIэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым сом 2522-рэ щыхъуу щытащ. Ар Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щынэхъ пуд дыдэщ.

Щыхум Iэмал имыIэу ишхын хуейхэм я уасэр процент 0,6-кIэ нэхъ пуд хъуащ. Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъушIапIэм и щIыналъэ къудамэу КъБР-м щыIэм къызэриты мкIэ, мы гъэм и фокIадэм къриубыдэу зи уасэм кIэрыкъуар хадэхэкIымрэ пхъэщхьэмыщхьэмрэщ: кIэртIофыр процент 17-кIэ, бжыныр - 9,2-кIэ, мыIэрысэр - 7,4-кIэ, кхъужьыр - 6,5-кIэ, жызумыр - 5,5-кIэ, къэбыстэр - 1,6-кIэ, жэгундэр 1,1-кIэ нэхъ пудщ. Захъуэжакъым быымылым, щIакхъуэмрэ булъкIэхэмрэ я уасэхэм.

БЭГЪУЭТ Лианэ,

КъБР-м Промышленностымрэ сатушкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Бжыгъэхэр

Нэхъ пуд мэхъу

Iэм къызэриты мкIэ, мы гъэм и фокIадэм къриубыдэу зи уасэм кIэрыкъуар хадэхэкIымрэ пхъэщхьэмыщхьэмрэщ: кIэртIофыр процент 17-кIэ, бжыныр - 9,2-кIэ, мыIэрысэр - 7,4-кIэ, кхъужьыр - 6,5-кIэ, жызумыр - 5,5-кIэ, къэбыстэр - 1,6-кIэ, жэгундэр 1,1-кIэ нэхъ пудщ. Захъуэжакъым быымылым, щIакхъуэмрэ булъкIэхэмрэ я уасэхэм.

БЭГЪУЭТ Лианэ,

КъБР-м Промышленностымрэ сатушкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Къэрал Iуэхущ1апIэхэм

Мы гъэм щегъэжьауэ

Зэуэ быниц зыгъуэт анэхэм дяпэкIэ зэ етыгъуэу мылку хухахынущ. КъБР-м и Парламентым и депутатхэм жэпуэгъуэм и 18-м зэхэта зэIущIэм абы теухуа Закон кьыщащтащ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, ар кьыхъэзылъхьар республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсенщ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и дэтхэнэ унагъуэми сабиищ мынэхъ мащIэ кьихъуэну, илъэс кьэс мини 10-м кьыщыщIэдзауэ мин 20-м нэблагъэ кьытхуалъхуну сохьуапсэ. Ди къэкIуэнур, республикэм и зыужьныныгъэр щIэблэм ельытащ, - кьыщыхигъэщат абы шыщхьэуIу кIуам зэхэта Правительствэм и зэхьэхьэм. А пщэрыльым тету «Унагъуэр, анагъэр, адагъэр, сабиигъуэр хьумэным и Iуэхукъ» законым зэхьэкIынныгъэхэр халъхьащ.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министр Тюбеев Альберт зэрыжиIамкIэ, зэхьэжьныныгъэхэм ялъэ иткIэ, зэуэ быниц е нэхъыбэ зыгъуэт унагъуэм мы гъэм щыпшылэм и 1-м щегъэжьауэ дэтхэнэ сабиймэ хуэзэу зэ етыгъуэу сом мин 50 хухах. Абы кьызэригъэлъэгъуамкIэ, 2009 гъэм республикэм зэуэ сабиищ кьыщалъхуащ. Нэгъабэ унагъуэщым, мы гъэм - зым апхуэдэ хэхьэхэр яIащ.

Федеральнэ программэхэм къадэкIуэу, унагъуэшхуэхэм зэрызыщагъакъуэ Iуэхугъуэ зыбжани республикэм щагъэзащIэ. Кьапщтэмэ, бынт 5 е нэхъыбэ къэзылъхуа, зыпIа цIыхубзым «Анэм и щIыхь» медалыр хуагъэфащэ, дэтхэнэ сабиймэ хуэзэу зэ етыгъуэу сом мини 10 хухах. КьищынэмыщIауэ, бынт 10 е нэхъыбэ зиIэ унагъуэхэм «Газель» автобус цIыкIум хуэдэ ират. Нобэ ирихьэлIэу бын куэд зыпIа анэу 134-м медаль хуагъэфащащ. Апхуэдэу «Анэм и щIыналъэ мылку» зыфIаща программэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзащIэ. Етхуанэ сабиир е нэхъыбэ кьыщалъху унагъуэм, псэупIэ ираухуэн, кьращэхун папщIэ социальнэ дэIепыкъуныгъэ сом мин 250-рэ хухах.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ.

● АПК

Нэгъабэрей бжыгъэхэм щIегъу

Къэбэрдей-Балъкъэрстатым кьызэритамкIэ, мы гъэм и мазибгъуэм республикэм и хозяйствэ лIэужьыныгъэ псомм мэкъумэщхэкIыу сом мелард 22,4-м нэблагъэ и уасэ кьыщалIэжьащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм ельытауэ процентри 2-кIэ нэхъыбэщ.

ЖЭМХЭРИ хэту, Iащ1ашхуэм и бжыгъэр гъэ кIуам и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм зэрыхъуу щытам къытенэжащ. Iащ1эвыщIэр мин 276,2-рэ, жэмхэр мини 133,7-рэ мэхъу.

IащэкIыу кьалэжьым хохъуэ. Гъэшу тонн мин 322,7-рэ кьаашащ. Быпымыпрэ джэдкъазыпу тонн мин 61,5-рэ кьалэжьащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм яхуэзэфIэкIам процент 1,3-кIэ щIегъу. Джэдыкъу мелуани 144,3-рэ е илъэс кIуам ельытауэ процентри 3-кIэ нэхъыбэ кьрахащ.

Мазэ 9-м гъэшу кьашам и процент 70-р, лыуэ кьалэжьам и процент 85-р унагъуэхэм хуоз3.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 24, *махуэку*

◆Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН-м) и махущ. 1945 гъэм ООН-м и Уставыр къащтащ.

◆Жэпуэгъуэм и 24 - 31-хэр Iэщхэр гъэкIуэдыжьыным и тхьэмахущ. ООН-м и Ассамблее Нэхьыщхьэм и сессием 1978 гъэм кьищта унафэм ипкъ иткIэ ирагъэкIуэкI.

◆ Зыужьныныгъэм теухуа хьыбархэм я дунейпсо махуэщ

◆Жэпуэгъуэм и 24 - 25-хэм Бельгием и къалащхьэ Брюссель щекIуэкIынущ Европэ советым и сессие. Абы хэтынущ а щIыналъэм хиубыдэ къэралхэм я Iэтащхьэхэмрэ правительствэхэм я унафэщIхэмрэ.

◆1921 - 1938 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIу щыта **Къалмыкъ БетIал** къызэралъхуэрэ илъэси 120-р ирокъу.

◆Адыгей усакIуэ **Хьэткъуэ Ахьмэд** къызэралъхуэрэ илъэси 112-р ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru»сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэрхьэ техьэ-текIыу щыщытынущ, Хуабэр махуэм градуси 7 - 12, жэщым градуси 3 - 8 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 25, *мэрем*

◆ЦIыхубэхэр мамырыгъэм щIэбэныным и дунейпсо махуэщ

◆Урысей Федерацэм и таможенникым и махуэщ

◆Къэзахстаным щагъэльапIэ Республикэм и махуэр

◆1653 гъэм Урысейм таможенно Iэнат1э къыщызэрагъэпэщащ, абы и устави къыщащтащ.

◆ Австрие композитор, скрипач, дирижер **Штраус Иоганн** (кьуэр) къызэралъхуэрэ илъэси 188-р ирокъу.

◆ТхакIуэ **Елмэс Хьэжбий** къызэралъхуэрэ илъэси 102-р ирокъу.

◆Журналист, УФ-ми КъБР-ми щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Мырзэкан Суфян** и ныбжьыр илъэ 85-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru»сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэрхьэ техьэ-текIыу щыщытынущ, Хуабэр махуэм градуси 7 - 12, жэщым градуси 3 - 8 щыхъунущ.

Зыужьхэмрэр **ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Мариэнэ.**

Республикэм и Іэтащхьэм КъБР-м и Правительствэм и Унафэщіым и япэ къуэдзэр егъэув

(КІэухым. Пэщіэдзэр 1-иэ нап.).

1996 гъэм и фокІадэм - 1997 гъэм и щІышылэм - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Премьер-министрым (Правительствэм и Унафэщіым) и япэ къуэдзэщ, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и экономикэр зэпІэзэрыт щІыжьныкъо абы зегъэужьыныкъо» программэм и Административнэ комитетым («Къэбэрдей-Балькъэр» экономикэ щІыналъэ щхьэхуитым и Администрацэм) и Іэтащхьэщ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щІыналъэ Урысей Федерацэм и Президентым и деж зэпымыууэ щыІэщ

1997 гъэм и щІышылэм - 2002 гъэм и щІышылэм - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщіым и япэ къуэдзэщ - «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и экономикэр зэпІэзэрыт щІыжьныкъо абы зегъэужьыныкъо» программэм и Административнэ комитетым и Іэтащхьэщ, Налшык къалэ

2002 гъэм и мазаем - 2004 гъэм и щІышылэм - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщіым и япэ къуэдзэщ - «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и экономикэр зэпІэзэрыт щІыжьныкъо абы зегъэужьыныкъо» программэм и Административнэм и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм и президентщ, Налшык къалэ

2005 гъэм и накьыгъэм - 2009 гъэм и гъатхэпэм - Урысей Федерацэм и Къэзыгъэ палатэм Федеральнэ мыхьэнэ зиІэ и къалэхэм, къалэ зэхуэщІахэм, статус хэха зиІэ къалэхэм я мылъкур къызэрагъэсэбэныр къэпщытэныжмкІэ и департаментым федеральнэ мыхьэнэ зиІэ къалэхэмрэ экономикэ щІыналъэ хэхахэмрэ федеральнэ бюджетыр къызэрагъэсэбэныр къэпщытэныжмкІэ и инспекцэм и унафэщІщ; Мылъкур уней эзращІым, къэрал мылъкур къызэрагъэсэбэныр зэрызэрахьэмрэ кІэльыплъныжмкІэ департаментым федеральнэ бюджетым и мылъкум щыщу яхуримыкъур къызэрызэрагъэзэпщцым кІэлъыплъныжмкІэ и инспекцэм и унафэщІщ; Мылъкур уней эзращІым, къэрал мылъкур къызэрагъэсэбэныр зэрызэрахьэмрэ кІэлъыплъныжмкІэ департаментым федеральнэ мылъкур учет зэращІымрэ зэрызэрахьэмрэ кІэлъыплъныжмкІэ и инспекцэм и унафэщІщ; Федеральнэ мылъкур зэрызэрахьэм, къызэрагъэсэбэныр кІэлъыплъныжмкІэ департаментым и аналитикэ инспекцэм и унафэщІщ, Москва къалэ

2009 гъэм и гъатхэпэм - 2010 гъэм и мазаем - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатщ, Урысейм Технологие щІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм и президентщ, Налшык къалэ

2010 гъэм и мазаем - 2011 гъэм и фокІадэм - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и лЫкІуэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж зэпымыууэ щыІэм и япэ къуэдзэщ, Москва къалэ.

2011 гъэм и накьыгъэм щегъэжьагъэ нобэм кІэс - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатщ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

Къанокъуэ Аслъэнбэч, Шэт Ирмэ, Къэжэр Хьусен сымэ центрыр къаплъыхь.

Къэбэрдей-Балькъэрым и Республикэ клиникэ сымаджэщым мы гъэмахэм щегъэжьагъэм къыщыуІэтахынущ центрыщІэр. Абы щеІэзэнэщ зи Іэпкьлъэпкъым уІэгъэ, удым зыбжанэ зэуэ игъуэтахэм. ЦентрыщІэр и лэжьыгъэм зэрыхуагъэхьэзырым щыгъуазэ защІащ Къэбэрдей-Балькъэр хьуэмэрэ курортхэмкІэ и министерствэм и Шэт Ирмэрэ Іэмал зимыІэ медицинэ страхованэм и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ фондым и унафэщІ Къанокъуэ Аслъэнбэчрэ.

ЦЕНТРЫЩІЭР зэщыІэнур сымаджэщым и хирургие къудамэрэ. Дыз эрыщыгъуазэщи, сымаджэщыр иджыпстуи зэрагъэпэщыжьыкІ республикэм и инвестицІэ программэ хэхам ипкъ иткІэ икІи лэжьыгъэхэр щжьдугъуэм и кІэ пщІондэ зэфІагъэкІыжу я мурадщ. Медицинэр Іэмэпсымэщіэ куэд щхьэзэрыІэрыхьам, сымаджэщыр иджыдей мардэхэм тету зэрыІэзэрагъэпэщыжьым я фІыгъэкІэ, мыбы иджы операцІэ нэхъ хьалэ дыдэхэр щыщІыфынущ, хуей щыхьуну деж къупщхьэ къутахэр зэхъуэкІынри хьихьэу.

Кьанокъуэ Аслъэнбэч жиІащ медицинэр дэІэпыкъуныгъэм и фІагъым зэрыхэзхьуэм, абы дяпэкІэ технологиещІэхэр кьыззэрыщагъэсэбэпынрэ кьыхэкІыу, Республикэ клиникэ сымаджэщым цыхуэхэм щыхущІэ Іуэхутхэм бззэхэм я уасэхэм зэрыхэпльэжьынкІэ, абыхэм нэхьыбэ яхуэхутІыпщынкІэ хуей зэрыхьунрэ.

Шэт Ирмэ кьыхигъэщащ Республикэмкъ клиникэ сымаджэщым, Къэбэрдей-Балькъэрым узынщагъэр хьуэмэнымкІэ и Іуэхущапіэ нэхьыщхьэу кьалъытэм, зегъэужьыным идкьыпстуи гулыбгъэхуэ программэм иткІэ щагъэужьу. Абы дяпэкІи зэхъуэжьынкІэфІхэр щекІуэкІынущ - цыхуэхэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэ етыныр егъэфІэкІуэнымкІи сымаджэщыр зыхуей техникэкІэ, ІэмэпсымэхэмкІэ кьыззэгъэпэщынымкІи. Мыхьэнэщхуэ зиІэ лъэбакъуэхэм ящыщу министрым кьыхигъэщащ гъуэгуэхэм фэбжь щызыгъуэтахэм еІэзэнымкІэ.

А псоми кьадэкІуэу, дохутырхэм я щІэныгъэми хагъахьуэ, я Іэщагъэм нэхъ хуэІэзэхэм я деж щоджэ. Республикэ клиникэ сымаджэщым и дохутырхэр щыІащ къэралым и медицинэ Іуэхущапіэ нэхь инхэм; удым, уІэгъэ зыбжанэ зэуэ зэтелъхьэм щеІэзэу Волгоград дэт центрым и лэжьакІэм мызэ-мытІэу зыщагъэтгъуэзащ, абы операцІэ гуГъу дыдэхэр зэрыщащІым кІэлъыплъащ.

Сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Къэжэр Хьусен жиІащ сымаджэхэм хуащІэ Іуэхутхьэзэхэр егъэфІэкІуэнымкІ къэруу зыІэр зэрыраХьэлІэнур, абы и лъэныкъэкІи республикэ сымаджэщым зыхуей-зыхьуэфІхэр зэрилэр.

ЩОМАХУЭ Лиля,
КъБР-м Узынщагъэ хьуэмэнымрэ курортхэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2013 гъэм фокІадэм и 17-м *№487-рп*

Советыдзэр Афганистаным кьыззэрырашьыжэ илъэс 25-рэ зэрырикъум теухуа Іуэхухэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ ахэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щегъэкІуэкІынымкІэ мурадкІэ:

1. Советыдзэр Афганистаным кьыззэрырашьыжэ илъэс 25-рэ зэрырикъум теухуа Іуэхухэр нэхьыжьыжьу зыхуэгъэхьэзырынымрэ ахэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щегъэкІуэкІынымкІэ хэтхэр кьэщтэн, мы Унафэм и гуэдзэм зэритым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Цыхуэб къэбарегъащІэ ІуэхущапіэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгуэхьынгъэхэмкІэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынигъэмкІэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Узынщагъэ хьуэмэнымрэ курортхэмкІэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм я кьуэгъэувын советыдзэр Афганистаным кьыззэрырашьыжэ илъэс 25-рэ зэрырикъум теухуа Іуэхухэр нэхьыжьыжьу зыхуэгъэхьэзырынымрэ ахэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щегъэкІуэкІынымрэ хэтыну.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Финансхэмкіэ и министерствэм хуэгъэзэувын советыдзэр Афганистаным кьыззэрырашьыжэ илъэс 25-рэ зэрырикъум теухуа Іуэхухэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щегъэкІуэкІынымкІэ хэтхэр кьэщтэн, мы Унафэм и гуэдзэм зэритым хуэдэу.

4. Муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щІыналъэ администрацІэхэм чэнджэщ иІэу - Советыдзэр Афганистаным кьыззэрырашьыжэ илъэс 25-рэ зэрырикъум теухуа Іуэхухэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щегъэкІуэкІынымрэ хэтыну.

5. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщІ илъэсым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщіым и къуэдзэ К Къуэдзокъуэ М. М.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщіым и къуэдзэ К Къуэдзокъуэ М. М.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм фокІадэм и 17-м къыдигъэкІа Унафэ №487-рп-мкІэ кьыщтащ

Советыдзэр Афганистаным кьыззэрырашьыжэ илъэс 25-рэ зэрырикъум теухуа Іуэхухэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ ахэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щегъэкІуэкІынымкІэ кьыззэгъэпэщкІэ комитетым хэтхэр

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщіым и къуэдзэр *(кьыззэгъэпэщкІэ комитетым и унафэщІщ)*

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм цІыхуэб къэбарегъащІэ ІуэхущапіэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгуэхьынгъэхэмкІэ и министрыр *(кьыззэгъэпэщкІэ комитетым и унафэщІщ и къуэдзэщ)*

Іэщцым Ю. И. - «ДОСААФ» Урысейпсо жылагъуэ-кьэрал зэгуэхьынгъэм и ЩІыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Былымгъуэт Б. Хь. - Афганистаным ныкъуэдыкъуэ щцыхуэхэм я жылагъуэ зэгуэхьынгъэм и Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ къудамэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Васильев С. В. - кьэрал кІэуцІ Іуэхухэмкіэ министру Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэр *(зэгурыІуауэ)*

Гъэнкіэ Хь. Н. - «Заузэл зэкьуэшыгъэ» Урысейпсо жылагъуэ зэгуэхьынгъэм и Къэбэрдей-Балькъэр республикэ къудамэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Зумакулов Б. М. - Цыхуэм и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэр *(зэгурыІуауэ)*

Канунникова Т. Г. - «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ къудамэм и исполкомым и унафэщІщ *(зэгурыІуауэ)*

Кіэрэф М. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрыр

Кладько И. Е. - Налшык кьалэ округым и щІыналъэ администрацІэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуауэ)*

Сэмэн П. Г. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрыр

Сымджэ Г. Ф. - «Афганистаным щегъэкІуэкІа зауэм, щІыналъэ пыухыкІахэм кьыщцыхъуа дзэ зэпэщІэтыныгъэхэм я ветеранхэм я союз» Къэбэрдей-Балькъэр республикэ жылагъуэ зэгуэхьынгъэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Харламов Е. В. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и дзэ комиссарыр *(зэгурыІуауэ)*

Хьэмэдэ Т. Л. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым ЩІалэгъуалэм, жылагъуэ зэгуэхьынгъэхэм, цыхуэб хьыбарегъащІэ Іуэхущапіэхэм я Іуэхухэмкіэ и комитетым и унафэщІщ *(зэгурыІуауэ)*

Тыкъэнэщ Т. Л. - дзэ зэпэщІэтыныгъэхэм я ветеранхэм я жылагъуэ зэгуэхьынгъэхэм я ззэшгъэпу совету Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и унафэщІщ *(зэгурыІуауэ)*

Тхьэ Ф. Б. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынигъэмкІэ и министрыр

Фырэ Р. Б. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрыр

Шэт И. М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм узынщагъэ хьуэмэнымрэ курортхэмкІэ и министрыр

Шыхьэбахъуэ М. Хь. - заузм, лэжьыгъэм Іэщзкіэ Зэщіэузэда кьарухэм, хабзэхъумэр органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балькъэр республикэ жылагъуэ зэгуэхьынгъэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ).*

ІэнатІэщІэхэр къызэрагъэпэщ

2013 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым щегъэжьагъэ пІэнщхэр щагъэмэщІэным хуэунэтІауэ зэфІагъэхІэзм я программэм я гъэзащІэкІэрэ, нэхъапэм ІэнатІэншэу щытахэу зи Іуэху щхьэхуэ зэтезыгъэлахэм ядэІэпыкъуным сом мин 15934,8-рэ хуэхаащ.

КъБР-м ЩІыхуэхэр ІэнатІэкІэ кьыззэгъэпэщынымкІэ и кьэрал комитетым и финансэ-экономикэ кьудамэм и унафэщІ Тумэ Сюзаннэ кьыззэрыджи1амкІэ, а мылъкур кьанэ щымыІэу кьагъэсэбэпащ. ЛэжьапІэ ІэнатІэ 271-рэ кьыззэрызэІуахынум теуху а зэгурыІуэныгъэ 58-рэ иджыблагъэ зэращІы1ащ.

ХЪЫДЗЭ Мурат.

ЩІыналъэхэр зэпызыщІэ зэхьхьэ

(КІэухым. Пэщіэдзэр 1-иэ нап.).

КъыкІэлъыкІуэ утыкум ирагъэблагъа «Zagreb Folk Dance Ensemble Dr. Ivan Ivan an» къэфакІуэ гупыр (Хорватие) 1945 гъэм къэунэхуащ. ЖьІапхъэщ ныбжьыкІэ Хорватием и Іуэрыіуатэ хьуГуэфІыгъуэхэм я хьумакІуэу кьызэрагъпытэр. Аргентинэм, Великобританием, Финляндием, Чехием, Франджым, Болгариеми, Румыниеми, Сербием, Македонием, Польшэм щекІуэкІа фестивалхэмрэ зэпеуэхэмрэ гупыр ящыджэру хэтащ.

1984 гъэм Тыркум кьыщызэрагъэпэща «Pendik Halk Danslari Toplulugu» къэфакІуэ гупым и зэфІэкІыр дунейм псом щагъэльагъуэ. Тыркум и Іуэрыіуатэ, щэнхабзэ хьугъуэфІыгъуэхэм зрагъэужь, щІэблэм ирагъащІэ.

Буэнос-Айрес и артист нэхъ Іэзэ дыдэу кьалъытэхэм ящыщу Аргентинэм кьикІа къэфакІуэ щІэрыІуэхэу Франкиотэ Тангерос Паолэрэ Скарпели Орландэрэ. А тІум танго къэфІэжьыгъуэр зэрагъэзащІэм куэд дыдэ дехьх, дэри гунэс тщыхъуащ, Паолэрэ Орландэрэ Аргентинэм, Франджым, Германием, Италием, Португалием, нэгъуэщІ щІыпІэхэми зыкъыщагъэльэгъуащ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Марьыш Ирин зэхьхьэм кьрихьэлІаХэмрэ хьэщІэхэмрэ фІэхъуэ гуапэ яриха нэужь, «Іуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащІэ кьафэхэр» III дунейпсо Іуэрыіуатэ фестивалым хэтхэм КъБР-м и Іэтащхьэм зэрызахуигъазэ тхыгъэм кьахуеджащ:

- ПщІэзыхъэтщІ ди хьэщІэ тьапІэхэ! Кьэбэрдей-Балькъэрым щекІуэкІ фестивалым ди гуапэу фыкьыдогъэблагъэ. Ди щІыналъэм и щІыуэпс, щэнхабзэ кьулейр, и щІыпІэ дахэхэр, ди цыхуэ гуапэхэр фигу дыхьэну, ди деж щывгъэкІуэну махуэхэр гукьинэж фщыхьуну дыщогуэгъ. Республикэм исхэр тфІэгъэщІагъэуну дыкІэлъыплъынущ ІьапІэкъ зэхуэмыдэхэм утыку кьифхьэну щэнхабзэ хьугъуэфІыгъуэхэм, кьафэ гъуэзджэм. Ар иджырэ зэ щыхьэт тохьуэ льэпкъхэм ди зэпыщІэныгъэр, зэныбжьэгъуГэр щэнхабзэмкІэ дгъэбыдэну дызэрыхущІэкъум. Ильэс ещанэ хьуэу1 Къэбэрдей-Балькъэрым щекІуэкІ мы зэхьхьэм щІыналъэхэри абы щыпсэуэри зэрыхуэгъэныкъуэр, ар зыгъэбжьыфІэхэм дунейпсо щэнхабзэм хэлъхьэныгъэфІ зэрыхуащІыр нэрылъагъуэ, «Іуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащІэ кьафэхэр» III дунейпсо Іуэрыіуатэ фестивалыр хагъэхьащ ЮНЕСКО-м дуней псом щекІуэкІыну фестивалхэр щызэхуэхьэса и махуэгъэпсым. Абы кьегъэльагъэу дуней псом и щэнхабзэ тхыпхъэхэр щагъэлъагъэу мы зэхьхьэм мыхьэнэщхуэ зэрыІэкІэ щІыналъэ щхьэхуэ щІэныгъэ зэрыгъэувам иджыри зэ щыхьэт зэрытехуэр. Фестивалым хэтхэм ехъулІэныгъэ, гуфІэгъуэ, узынщагъэфІ1ну сынывохъэхуэ, - итщ абы.

Марьыш Ирин зэхьхьэм хэтхэм КъБР-м и Правительствэмрэ езым и щхьэмрэ кьабгъэдэкІыу ехъэхъуащ насыпрэ дэрэжэгъуэрэ я Іэну, мамырыгъэ, зыужьыныгъэ щымыщІэну.

Фестивалым хэт кьэфакІуэ гупхэм я хуэдэжественнэ унафэщІхэр, Франкиоти Тангерос Паолэрэ Скарпели Орландэрэ зэхьхьэм къыщыпсэльащ. Абыхэм жаІащ льэпкъ зэхуэмыдэхэр щыщхэм я щэнхабзэ хьугъуэфІыгъуэхэр щагъэльэгъуэну мы зэхьхьэм къыхэльэлІаХэм гуфІэгъуэ, дэрэжэгъуэ къаритыну зэрыщыгугъыр. Фыр1эм жиІащ Индием и «MALWA SABHYACHARAK CLUB» гупым фестивалым зэрызыкъримыгъэхьІэфар, я кьэралым щекІуэкІ Іуэхухэм кьыхэжьІащ.

Зэхьхьэм кьыщыпсэльащ УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыналъэ зиІэ и лэжьакІуэ Ульянов Юрэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и «Стимул» жылагъуэ зэгуэхьынгъэм и унафэщІ КъуэщІысокъуэ Александр.

Удэзыхьэхт, щІэныгъэгуэт, гукъинэжт Филиппинэм, Франджым, Хорватием, Тыркум, Аргентинэм кьикІа кьэфакІуэхэм я гупыкъ итыкІэм укІэлъыплъыну. Зи льэпкъ фащэкІи, теплъэкІи, зыныгъыкІэкІи зэмыщхь кьэфакІуэхэм зэхуэсахэм дэрэжэгъуэу кьыдатар кьэІуэтэжьыгъуейщ. Ди республикэм и уэрэджы1акІуэ, кьэфакІуэ щІэрыІуэхэм фестивалыр я гъэбжьыфІащ. Абы хэтащ «Нал щІыкІу», «Кавказ», «Каллисто» кьэфакІуэ гупхэр.

Пшыхьым и кІэухым зэхьхьэм зыкьыщыгъэльэгъуа псори «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и гъуэсу уджхэш кьэфащ.

Зэхьхьэр УФ-мрэ КъБР-мрэ ЩэнхабзэмкІэ я министерствэхэм кьызэрагъэпэщащ. Дуней псом иц льэпкъхэм я зэныбжьэгъуэр зыгъэбыдэ «Іуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащІэ кьафэхэр» III дунейпсо Іуэрыіуатэ фестивалыр жэпуэгъуэм и 25-м Профсоюзхэм щэнхабзэмкІэ я унэм щызэхуэщІыжьнущ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и 14-нэ зэІуціэшхуэу иджыблагъэ Москва щылэм щекІуэкІам кьрыкІуахэр кьыщызэхуэжащ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ къудамэм иджыблагъэ щекІуэкІа зэхуэсым.

ЗЭЙУЩІЭР кьыззэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ «Урысей зэкъуэт» партым и щІыналъэ къудамэм и тхьэмадэ **Бозий Натбий.**

Жэпуэгъуэм и 3 - 5 махуэхэм КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен зи пащэ гупышхуэ Москва щылэщ. ЗэйущІэм кьыщаІэта Іуэхухэм еХьэлІауэ щыІналъэм и лЫкІуэхэм ущІэзэхуэмыдэхэмкІэ кьэрал къулыкъушІэхэм зэрыт-хэм, политик пашэхэм зыхуагъ ъэзэну Іэмал яІащ Бозийм.

Зэйущім гулыпІэ щхьэхуэ щыхуащІащ фокІадэм и 8-м щылІа хэхьнигъэхэм. Ящынакъуэ щыІналъэхэм я хабзэгубзыку органкэм хахар парт «щыкІуэхэм» я лЫкІуэхэращ. Абы щхьэусыгІуэ хуэхъуар властымрэ кьэрал къулыкъушІапІэхэмрэ щылажьхэхэм яхуэмыарэзы куэд зэрыщыІэрщ. Партым и Генеральнэ советым и секретарь Неверов Сергей щыналъэ къудамэхэм я лЫкІуэхэр кьыхуриджащ цІыхуэхэм нэхьыбэрэ яІуІэну, я гукъеуэхэр зрагъэщІэну. Абы и псалъэхэм кьыззэрыгигъащІкІэ, иужьрей хэхьныгъэхэр щекІуэкІым нэхьыбэу гулыпІэ зыхуащІар щІыналъэ щІыкІуэм я Іуэхуэхэр. Зэйущім кьрихьэлІаХэм кьыхигъащІ, я лэжьыгъэ псори ди щІыхуэм зэрахъуэжьащэхэмкІэ, ар зыужьыныгъэм и льабгъэ щІыналъэ щыжьу щыІащ. Зэйуэхуэ щІыналъэ щыщ сом мин 80,0 - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министрствэм;

спорт зэпеуэхэр кьызэгъэпэщынымрэ егъэкІуэкІынымрэ тригъэкІуэдзэн папщІэ 2013 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыхуахаа ахъшэм щыщу сом мин 410,0-рэ - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм.

4. Муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щІыналъэ администрацІэхэм чэнджэщ иІэу - Советыдзэр Афганистаным кьыззэрырашьыжэ илъэс 25-рэ зэрырикъум теухуа Іуэхухэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щегъэкІуэкІынымрэ хэтыну.

5. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщІ илъэсым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщіым и къуэдзэ К Къуэдзокъуэ М. М.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщіым и къуэдзэ К Къуэдзокъуэ М. М.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм фокІадэм и 17-м къыдигъэкІа Унафэ №487-рп-мкІэ кьыщтащ

● Политикэ партхэм

Къапэщыт къалэнхэр зэпкърах

ЗЭЙУЩІЭР кьыззэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ «Урысей зэкъуэт» партым и щІыналъэ къудамэм и тхьэмадэ **Бозий Натбий.**

Жэпуэгъуэм и 3 - 5 махуэхэм КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен зи пащэ гупышхуэ Москва щылэщ. Зэйущім кьыщаІэта Іуэхухэм еХьэлІауэ щыІналъэм и лЫкІуэхэм ущІэзэхуэмыдэхэмкІэ кьэрал къулыкъушІэхэм зэрыт-хэм, политик пашэхэм зыхуагъ ъэзэну Іэмал яІащ Бозийм.

Зэйущім гулыпІэ щхьэхуэ щыхуащІащ фокІадэм и 8-м щылІа хэхьнигъэхэм. Ящынакъуэ щыІналъэхэм я хабзэгубзыку органкэм хахар парт «щыкІуэхэм» я лЫкІуэхэращ. Абы щхьэусыгІуэ хуэхъуар властымрэ кьэрал къулыкъушІапІэхэмрэ щылажьхэхэм яхуэмыарэзы куэд зэрыщыІэрщ. Партым и Генеральнэ советым и секретарь Неверов Сергей щыналъэ къудамэхэм я лЫкІуэхэр кьыхуриджащ цІыхуэхэм нэхьыбэрэ яІуІэну, я гукъеуэхэр зрагъэщІэну. Абы и псалъэхэм кьыззэрыгигъащІкІэ, иужьрей хэхьныгъэхэр щекІуэкІым нэхьыбэу гулыпІэ зыхуащІар щІыналъэ щІыкІуэм я Іуэхуэхэр. Зэйущім кьрихьэлІаХэм кьыхигъащІ, я лэжьыгъэ псори ди щІыхуэм зэрахъуэжьащэхэмкІэ, ар зыужьыныгъэм и льабгъэ щІыналъэ щыжьу щыІащ. Путиным зэйущім щыжиІащ «Урысей зэкъуэтым» щІыхьэ1 Іуэрыіуатэ фестивалым и щІыхьэ1 щІыхьэ1 ящыщ. Абы щыпсэуэ1 Іуэрыіуатэ1 щІыхьэ1 Іуэрыіуатэ1 щІыхьэ1 щІыхьэ1 щІыхь

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

● Украинэ

Лъэпощхьэпо щыІэнукъым

УФ-м и Премьер Медведев Дмитрий жиІащ Украинэмрэ ЕС-мрэ езыхэм я ассоциацэм теухуа Зэгурыїуэныгъэм Іэ традзэми, украинхэм пащІэ визэ зэрамыгъэувынур.

«СЫЩОГУГЪ апхуэдэ къэмыхьуну», - къыщыхигъэщхьэхуІащ абы урысей-украин комиссэм и зэІущІэм иужькІэ езым и лэжьэгъу Азаров Николай и ГъусэУ иригъэкІуэкІа пресс-конференцым.

Мы Іуэхур къаІэтат зи гугъу тщІы зэгурыїуэныгъэм Іэ тридзэмэ, Урысеймрэ Украинэмрэ визэ зэхущытыкІэхэр зэхуагъэувынкІэ хьуну УФ-м и Президентым и чэнджэщгъу Глазьев Сергей зэрыжиІам къыхэкІыу. Абы къагурагъэІуащ Украинэр Шенген зонэм хьыхьэмэ (УФ-м и цыхуэхэр Евроснюзым кІуэн папщІэ иджыри визэ хуейщ), визэ хабзэ Урысейм къахуигъэувыным европейхэм Украинэр зэрырахулІэнур.

Премьерхэр щызэІуащІ Азаровым и лъахэм - ар кущыкІуэр Калугэщ.

- Мы щыпІэр кІыхьэныгъэ сэращ. Сэ сыхуейт инвестицэхэр хэлъхьэныкІэ щІыналъэ программэр гъэзэщІа зэрыхьум зыщыізгъэгуэзэну, - жиІащ хьэщІэм.

ЗэрауэкьыпІа сыхьэтитфым и пІэкІэ псалъэмакъыр сыхьэтищым щигъуэкІэ екІуэкІащ.

Зэман нэхъыбэр трагъэкІуэдащ езы тІум я закъуэ зэпсэльэным. Пресс-конференцым тІури екъуэлащ зэпІэзэрыгъ заІыгъыу, еблэмэ къыщыпсыгуфІыкІи къыхэхуэу.

- Нэхъапэми хуэдэу, дэ ІэнатІэ куэдым куууэ дыщыізодлажьэ, - жиІащ УФ-м и Премьерым. - Абы къызэщІеубыдэ кхъухьлатэ щІынри, атом энергетикэри, иэгъуэщІ Іэджи. Дэ программэ куэдым яужь дохьэ, хьэрщыр къэзэуІуэщІэнри абыхэм яхэту.

Псалъэм и хьэтыркІэ, Урысеймрэ Украинэмрэ зэгурыїуащ дунейм щынэхь ин дыдэ Ан-124 транспорт кхъухьлатэр зэгъуэзу щыщІагъэкІыну, Кировоград областым ядерия гъэсыныпхъэ щагъэхьазыр завод щахуэхуну, Керчь псы дэжьапІэм лъэмык тральхъэну, Къэзахстанри хэту гъавэ хьуманІэ ин кхъыз эІуахыну.

Абы кьыдэкІуэу жаІащ етІанэгъэ «Москва - Киев» мафІэгу псынщІэм зекІуэн зэрыщІидзэнур. Абы кьалащхьитІым я зэхуакур сыхьэти 7-м зэпичынуц.

ЗэІущІэм Іэ щытрадзащ хьэрщыр зэгъуэзу мамыр мураздэкмкІэ къагъэсэбэпыным теухуа зэгурыїуэныгъэм.

КРЫЛОВ Игорь.
«Российская газета».

● Еджапіэ

Урысеймрэ и кавказ сабийхэр

Урысейм и Следственнэ комитетым Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм къыщыдэлъытыжыщ кадет еджапІэхэр.

АР СТАВРОПОЛЬ щыжиІащ УФ-м и Следственнэ комитетым и унафэщІ Бастрыкин Александр (Ставрополь къыщыдэІуахаГъэхэщ апхуэдэ еджапІэ).

Бастрыкиным зэрыжиІамкІэ, Шэшэн, Дагъыстан, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм я унафэщІхэм мы Іуэхур къыдэІыгъащ. Къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и школитІым щыІащ кадет классхэр. Май районым и Октябрь посёлкэм къыщызэІуаха школ-интернатым дыщыщыІам мыкІащ-жаІащ мы гъэм абы щІэтІысхьэну хуеяуэ зэхьэзэхуар КъБКъУ-м щыІа зэпеуэм зэрыщхьэпрыкІар: цІыху 15 кІащтэнум хэхуэн папщІэ щІалэ 86-рэ зэхьэзэхуащ.

Къэухьпатэзехуэу щыта, дзэм подполковникыу къыхэкІыжа, мы школ-интернатым и унафэщІ Биттиров Борис зэрыжиІэмкІэ, республикэм и районыбзэ - адыгэхэр, балъкъэрхэр, урыскэр, осетинхэр - зэдоджэ. Школ-интернатыр мы гъэм хъэзыухахэм ящыщу 11 щІэтІысхьащ МВД-м, ФСБ-м, Гъунэмкъэхъумэхэм я кадетІэ нэхъыщхьэхэм.

Биттировым жеІэ школ-интернатым щІэтІысхьэну хуейхэм я узынщагъэмрэ щІэныгъэм зэрыхэзагъэмрэ къызэрапщытэр. Урысибзэ, математикэ, физкультура - а щыр дерс псоми я щхьэщ. «ДыщыхэдзкІэ, псом ягъэ идгъэщыр унагъуэшхэм, унагъуэ хуэмыщІам щыщхэмрэ дзэм хэту е хабзэхъумэ Іэнатіам пэрыту яуклам я бынхэмращ.

Республикэм щыщу дызэупщІахэм къызэраупщІамкІэ, апхуэдэ еджапІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ. «Ди бынхэр щыдгъэкІащ: япэщыкІэ зэрыджэгун хьэпшыпІ, итІанэ диплом къахудощэху», - жеІэ налшыкдэс КъэущІысокъуэ Мыхьэмэт. И унэцІэр къыджезыІэн щыхьэмыда налшыкдэсым къыхигъэщащ: «Тхьэм и шыкурщ кадет еджапІэхэр зэрыдиІэнур! Кавказым щыщ щІалэхэр дзэм ирамыджэу къызэраубгъэрэ, дэ цІыхуфэ къыдапІыжьыркъым. Нэхъапэм дзэм ирамыгъэшэн щхьэкІэ Іулъхьэ ирату щытамэ, иджы драгъэшын щхьэкІэ ахъшэ ират Кадет еджапІэхэр къызэрызІуахыр и щыхьэту къыщІэкІынущ зэрыхъэлым и унафэщІхэм, апхуэдэуэ еджапІэхэм, Кавказыр яфІэкІуэдынкІэ зэрыхъэнур къаззэрыгурыІуам».

ОЛЕНИНЭ Вера.
«МК в Кабардино-Балкарии».

Къэрал Думэм етІуанэ еджагъуэкІэ кьищтащ тутыным и бий хабзэхэр зымыгъэзащІэхэм тезыр зэрыгралъхьэну щІыкІэр зыубыху законым и проектыр.

ДЕПУТАТХЭР арэзы тезхьащ сабий джэгупІэхэм тутын щефэхэм сом мини 2-кІэ мыхьуу, сом мини 3-кІэ етхьэкъуну хабзэм зэрирагъэуэным.

БалигъыпІэ имыувахэр тутын езыгъафэхэм тралъхьэ къуэдыхэри драгъэкІуей. Езыгъафэхэр хамэу щытмэ, къуэдыу я ятын хуей хьунур сом мин 1,5-кым, атІэ сом мини 2-щ. Абы и лъэныкъуэкІэ къэушцар езы адэ-анэхэр е хабзэкІэ къыкІэлъыплъ щхьэкІэ щыІэ ныбжьыкІэ къэушцар арамэ, къуэдыр сом мини 3,5-м нос, нэхъапэм зэрыщыта сом мини 2,5-м и пІэкІэ.

Тутыным теухуа рекламэ ямыщІыным и хабзэхэр къызэпызыудхэм яхь жэуапри ягъэткІий.

●Къуэдыхэр

Нэхъри ягъэткІий

ЩІэуэ къэунэхуа аудиовидео Іэмэпсымэхэмкіэ тутыныр е тутын зэрэфэ щІыкІэр ягъэлъагъэуэмэ, къуэлыкъуэщхэм сом мин 20-м къыщыщІэдзауэ сом мин 40-м нэскІэ, юрлицохэм сом мини 100-м къыщыщІэдзауэ сом мини 170-м нэскІэ йотхьэжьу.

Тутын ефэу сабий кино-телепрограммэхэм щагъэлъагъуэмэ, къуэдыр къулыкъущІэхэм я дежь сом мин 20-м къыщыщІэдзауэ сом мин 50-м, юрлицохэм щхьэкІэ - сом мини 100-м щегъэжьауэ сом мин 200 мэхьу.

«Российская газета».

● Іуэху епІыкІэ

Хэт Тхьэр зыхуэлъэр?

Урысейм щылъагъуркъым бюрократиер къыжьдэзыкъуэфын къару

1991 гъэм екІуэкІа буржуазнэ революцэмрэ экономикэ зыужьыныгъэмрэ я фІыгъуэр зылъысар демократэхркъым икІи цІыхубэркъым, атІэ къулыкъущІэхэрщ. Урысейм щытыкІэр щызэзмыхъуэкІыфынчу къару щыІэ? Путиным я Іуэхур мублэну?

МЫ ЗЭМАНЫМ къулыкъущІэхэм (интеллигенцэркъым, еджагъэшхуэхэркъым, инженерхэркъым, егъэджакІуэхэркъым) зыкъалытэж тетыгъуэр зыІэрыхьа къаруущІэу. Езыхэм къеІэзыну хабзэхэр къыдагъэкІ, гуфІэгъуэ зэхьыхьэшхуэхэр къызэрагъэпэщ, «цІыху дыгъэлхэм» хухаха къхъэхэр яухуэ. Бюджетыр трагуашэ, езыхэм я улахуэм хагъахъуэурэ. Нэхъыбэ дыдэр щыкъулейсыз зэманым автомобиль, унэлъащІэ зыкъызыххэр къащхэу. А псори зэран хуохьу цІыхубэ жылагъуэ зэтеухуэным. Сыт зыгуэр щІызэпхъуэкІынур, иджыпсту властым и ухуэкІэр хуабжьу къащыхуэгумащІэкІэ?

Урыс лъэужьхэр

Бюрократиер къэухьубеинкІэ щыІэ щынагъуэм Ленин В. И. гу щылъыдигъэтауэ щытащ «Рабкриныр зэрызэтедгъуэну щІыкІэр» («рабочэ-мэкъумэшыщІэ инспекцэр» и лэжьыгъэ цІэрыІуэм, иджы ящыгъуэщІэжам. Абы лъандэрэ илъэс 90 дэкІащ, арщхьэкІэ бюрократием иджыри тетыгъуэр иІыгъащ. Революцэм къыхуэзыджэ Лениным и фІэщ хъурт властыр гуащІэрыпсэухэм щалэщІэлъыну, къулыкъущІэхэр «цІыхубэм я ІэхэутхэбзащІэу» щыщытыну къэралъ къызэрагъэпэщыфыну. Абы а фІэщхъуныгъэр псынщІэ дыдэу фІэкІуэдащ, Іуэхум и пэжыпІэр къыгурыІуа иужь. Граждан зауэр иухыу къэралыр лэжьыгъэм пэрыхьэжа иужь, совет бюрократиер пащтыхьым и зэманым щыІам нэхърэ нэхъ Іеижу къыщІэкІащ. И цІыхьэсыгъэ-ри, урыс революцэм «шейтІанхэр» и щхьэкІэ къызэрыдригъэкІуеям, шыгуэхэмрэ пщафІэхэмрэ унафэщІ къулыкъухэм пэрыыбэну къызэрыхураджам и закъуэкъым. КъаймыхъуІа псомэ и щхьэусыгъуэр езы большевизмэрауэ къыщІэкІащ. Большевик властыр хуэйт псомэ якІэльыплъыну, унафэ яхуищІыну. ГуащІэрыпсэухэм къатехьукІа пэтми, къэунэхуа къулыкъущІэхэм мыгувэу зыкъалытэжащ гъащІэр езыхэм хуаухуауэ. Пэжщ, абы папщІэ щІэныгъэм яхурикъуртэкъым, лэжьэкІи ящІэртэкъым, япэрейхэм зэпыІ. А зэщхьэщыкІыныгъэр ягъэкІуэдыжьын щыгъуэ, зэпымыуэ хагъэхъуэн хуей хъурт езыхэм я къулыкъущІэхэм я бжыгъэм. Псалъэм и хьэтыркІэ, мэкъумэш реформэ ин иригъэкІуэкІын папщІэ, Сталиныр зи Іэщ1агъэм кууэ хэзыщІыкІ къулыкъущІэхэр щІэныгъэм хуэдизым ирикъуащ, къэралыщІэм я Іуэхум иришэлІэн хуей хъуащ дзэ псо.

Властыщ1эм нэгъуэщІи къызыкъуихащ: кІэлъыплъныгъэ ткІийм?э залымыгъэм я ятещІыхьа политикэм, зыхэбгъэдэн щымыІэу, хигъэхъуащ цІыхуэхэр зэхэзэхуэн зыщІ Іуэхущ1апІэхэм я бжыгъэм. Иджыри къэс апхуэдэ щытыкІэр зэрахъуэкІакъым. Урысей къарузехьэ ІэнатІэхэм (дзэр хэмыту) цІыху мелуани 2-м щІигъу щолажьэ. Апхуэдэ къарум хуабжьу кьефыгъэнт пащтыхьхэ охранкэр. Мы зэманым къэрал къулыкъущІэхэр Іыгъыным Урысейм щытрагъэкІуадэ США-м нэхъ р? хуэдитІкІэ нэхъыбэ. Абы щыгъуэм ди цІыхуэхэр щІэдкІэ нэхъ мащІэщ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм ельытауэ (ди мелуани 143-р американ мелуан 315-м поув), я ВВП-р хуэди 7-кІэ нэхъ инщ. «Апхуэдизу гугъу ехьу» яугъуэя мылькур яфІэкІуэдынкІэ зэрыпхъунум щышынэу тетыгъуэр зейхэм апхуэдизу хьуманІуэ ямыІыгъу пІэр?

ЗэпщІыжа революцэр

Большевизмэм и ялъэбакъуэхэм арэзы къамыщІами, Лениныи иджыри и фІэщ хъурт «революцэм и унэтІакІуэ кІарур». «Рабочэ - мэкъумэшыщІэ инспекцэм» зэхэщІыкІ куу зиІэ лэжьакІуищэ хуэдиз хэбгъэхьэмэ, къыхигъэщхьэхукІырт абы, биократизацэм кІэ игъэтынуц.

Лениным зэрригуГъамкІэ, къэгъэщІэрэщІэжа «Рабкрин»-р пэщІэтын хуейт иужькІэ къэралым уэу къыхуиначи: парт, къэрал, къаруэхэм Іэнатіэхэм я унафэщІхэр зэкъуэмывэнми. КъэхъуІакъым. Абы къыхэкІыу кІэлъыплъныныгъэ гуэри щІэмыт властышхуэ дыдэ яІэрыхьащ гуп цІыкІум. Сталиныр вжджэру яхэту, хэутэн ящІащ «хамэ унафэ щІэмыт аудитыр» (нобэ апхуэдэу жаІэнт). «Хьэрэмыгъэнщэ рабочэхэм зыкъыпэщІасащ къэрал къулыкъущІэхэм. 1934 гъэм зи лъэр быдэу ува властыр зыкІи зыхуэмеиж «Рабкрин»-р щэху цІыкІуу зэхуащІыжащ. КъулыкъущІэхэр «цІыхубэ кІэльыплъныгъэм» щІагъэуэвэну иужькІэ зэрыхущІэкъуар зытещІыхьар фэрыщІыгъэ къудейт.

1936 гъэм «ЗэпщІыжа революцэ. СССР-р зищІысымэр ар здэкІуэмрэ» и тхыльэ щІэрыуэм Троцкий Лев къыщыхигъэщхьэхуКІащ «революцэр зытещІыхьа гупсысэхэр зэрызэрахьэкІар икІи зэрагъэкІуэдар». Мы зэманым тхыльым щыгъуаэзэр закъуэтІакъуэщ. Абы щыгъуэми, бюрократиер зищІыс дыдэр Іупщу къыхоц. «Бюрократие властыр щІэину къыхуагъана зэрымыкъум къыхэкІыу, ар хущІэкъунущ унафэ зыхуищІ мылъкур езым къыхуэнэным». НэгъуэщІ къэрал кІыщыдагъэкІа а тхыльым Сталиныр щІэрыуэ: «Ирикъуа, ар зытхар дыдэм щытрамагъэтэм щхьэусыгъуэ хуэхъуащ. Ар яуКІныр къызэрагъэпэщащ Сталиным щыльэдэкІа унафэм тету.

Дэ тІльагъуркъэ Лениныр Троцкэмрэ ирьэсищэ хуэдизу и пэкІэ ятхахэр УрысеишІэм и ГъащІэм замыхъуэжауэ зэрыхэтыр? Бюрократизм мылъкур зэІэпах. Олигархэмрэ Ельциным и лъэхъэнэм къэунэхуа бзаджащІэхэмрэ я пІэ иуващ хэІуцыдз куэд - бюрократиер, къаруэхьэхэр, судыщІэхэр. Нэпсей хуэдизу хьащ къызытхэм я сэбэп зыхэлъ хабзэхэр пхызыгъакІ депутатхэм ящІыщхэри. Псори хуэйщ «Рабкрин» гъэр щІэрыуэ зымыщІ Іэмэпсымэхэр зэрыпудым Іуэхуфіхэр къриКІуащ». КНР-м щыщхэр зэгуегъэпэ дунейм щыпсэуэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэр Китайм и закъуэ кьыпкърыкІыу къызэраты?эм. «Ар тегъэщІапІэу къагъуэта къудейщ, - идэркъым Гонконг щыщ демограф Чон Ричард, - Пэжщ, Китайм щопсэу цІыху мелардэ мелуан 350-рэ. Ауэ а бжыгъэм зы илъэсым кхъухэр процент 0,49-рэщ - дунейм щынэхь цІыкІу дыдэхэм ящыщщ. АрщхьэкІэ иджыпстуи щІыху зы мелардэ мелуан 212-рэ щыпсэу Индием сабийуэ хуэдищкІэ нэхъыбэ кхъыщхьэу КНР-м ельытауэ. АтІэ хэт дэ тщыщу нэхъ щынагъуэр? Гу лъатэркъым Африкэм. Ар, пІатъэ дэкІмэ, къэуэну бомбэщ. Африкэ кІэралъхэм сабий нэхъыбэ дыдэ хэпщІалъхъ: Нигерым и зы цІыхубзым сабии 8 хуэдиз (ику иту) дунейм кьытрегъэхьэ. ЦІыхуэхэр нэхъыбэрэ псэу хьауэ, узынщагъэ ІэнатІэр ЮфІакІуэу, куэд щІауэ зауэщхэр екІуэкІыркъым. Тельыджэщ, ауэ псэуныгъэкІэ щыІэ Іэмалхэр Щым зэрыщефІакІуэм ар езыр икІуэдыкІыжьнкІэ хъунущ...»

ООН-м кьигъэльагъуэ бжыгъэхэм ятепщІыхьмэ, Щым и цІыхухэм ящыщу зы мелардыр гугъу йохь ерысыкьыкІэ. 2050 гъэм псомэ яшхьи яхуриКъун папщІэ мэкъумэшхэкІыу къаІэжьым процент 70-кІэ хагъэхъуэн хуейщ. Зыри зэмыІуса щІыпІуэпсым и фондым зэгуэр жиІащ: цІыхухэр зыхуейхэмкІэ кьызэрагъэпэщцын папщІэ Щым и инагъым пэхъун планетитІ кьагъэІурыщІэн хуейщ, арыншамэ, гъей къэхунущ. Китайм и цІыхухэмн хуэдэу, адрейхэри зыщцІэсэуну хуейр кьаІэшхуэхэрщ - пІсэщхэмыщхэхэрэ хадэхэкІхэмрэ къэзыгъэкІынур хэт? Псоуэ ягъэкІуэщІым и куэдагъэм зэрызэпІэрыгъ хохьуэ, цІыхуэхэр я бжыгъэм зэрызэпІэтым ельытауэ. Ар ерыскъым пыщІа Іуэхум нэхъ я нэхъыбэ щІэзгъэкІ. ООН-м и Секретарь нэхъыщхьэ Пан Ги Мун зэрызыугъэфащэмкІэ, дунейм щыпсэуэхэм я зэхуэдитІым 2030 гъэм ирихьэлІэу зэфэн псы ягъуэтыжьынукъым: илъэс кьэс долар мелард 200 трагъэкІуэдэн хуей хьунущ хьм кьыхаша псыр уефэ хьун хуэдэу ягъэкьабзэным. Щыдгъэмэрэ газымрэ я пЫаньхъэкІэ Іуэхур апхуэдэу ейкІым, ауэ къэтьытэн хуейщ илъэс 40 гъэнэгъум ахэр хуэдиплІкІэ нэхъыбэу кьызэрагъэсэбэпынур. Гъэсэныпхъэхэр 2047 гъэр кэсыху ярикъунущ, нэгъуэщІ лЫужьыгъуэхэр кьамыгупсысмэ. ЭкІэ кьагупсысакьым.

Факъырэхэр Іэщэкіэ мэдатъэ

- Китайхэм хэІущІыну ящІащ адрейхэм жаІэн зыщыгьнынэр, - жеІэ Австралием щыщ экологт Лонгвэй Остин. - Европэмэ Урысеймэ щІыху бжыгъэм щыкІэроху, ауэ Африкэмрэ Азиемрэ ар псынщІэ дыдэу щыдоуей. Американ щІэныгъэлІ Мартин Джеймс къызэрибжамкІэ, иджпстуу хуэдэу сабий зрагъэгъуэтмэ, 2100 гъэм ирихьэлІэу ЩЫм щыпсэунущ щІыху мелард 20 (I) АрщхьэкІэ бжыгъэхэракъым нэхъыщхьэр. Къэрал фажьырэхэм сабийуэ хуэдипщІкІэ нэхъыбэ кьыщалъхунущ кьулейсхэм ельытауэ. Абы кьишэнущ къэрал кьулейсызхэм къулейхэр ядэгуэшэну кьагъэувынщ. Псори ягъэшынэну хущІэкъунущ. Атом бомбэ зиІэ Корее Ищхъэрэм иджы щыщІэдзауэ ерысскъыкІэ ядофІыжьну. Абы и щапхъэм ирикъунущ адрейхэри: а къэралхэм кьагурыїуэнущ ядернэ Іэщэ зиІэр пщІэншэу ямыгъашхэу зэрымыхъунур.

Аращи, Китайм и щапхъэм тету, мардэ хуагъэувын хуейщ языныкъуэ къэралхэм сабийуэ кьыщалъхум. ЭкІэ мы гупсысэр зыри зыпэмыплъауэ е егъэлеяуэ кьащхьэнкІэ хъунщ. АрщхьэкІэ зэгуэр ООН-м и Іэщ1агъэлІхэр Африкэмрэ Азиемрэ кІуэнкІэ зыхуэІуа щыІэкъым, щыхуэ бжыгъэр зыхуэдизым кІэтъыплъын мурадкІэ.

Китайр куэд щІауэ хущІокъу пашэ хъуну. КНР-м щыщ дохутырхэм афІэкІа мылъхуэжьыну мурад зыщІа африкан щыхубзхэм ахъшэшхуэ щрат. -Зы унагъуэ - зы сабий- кьыхуеджэнныгъэр дэнэ щыпІи щыхьипщэу, Китайм и мураду кьыщІэкІынщ дунейм тепщэныгъэр щиубыдынущ. АрщхьэкІэ Іуэхур абыкІэ зэфІэха хьуркъым. Зи щыху бжыгъэм щыкІэрыху Урысейр кьаухьуреихь сабий куэд дыдэ кьыщалъху къэралхэм. Таджикистаним, Узбекистаним, Кьыргъызым щыху мелуан 44-рэ щопсэу: 2050 гъэм ирихьэлІэу я бжыгъэр хуэдитІкІэ дэкІуеину кьыщІэкІынущ. Дэ гастарбайтерхэм датхьэлэ, ауэ ари мардэ щымыгъ кьыщІедз. ПсыР, ерысскъыр, гъэсэныпхъэр ящуэнын хуей хьунэ, дэ ди щІыналъэм кьызэрагъэпэщ абыхэм кьыкІаХэр. Ар кьыщІыхьну зэманыр жьыкъуэ зэкІэ кьытрдІэщІми, абы иджпстуу дегупсысыпхъэщ.

ЗОТОВ Георгий.
Гонконг - Куньмин (Китай).
«Аргументы и факты».

● Абы дегъэпІейтей

Китайм и жэрдэм

Ди планетэм псыр илъэс 17 дэкІмэ щыхьынкІэ хъунущ (I), щыдагъэр иджыри илъэс 50-кІэ кьырГъэсэбэпынфыщ, дунейм тет псоми иджыпсту ерыскъыуэ щыІэм нэхърэ хуэдитІкІэ нэхъыбэ хуэныкъуэнущ. КНР-м егъэкъуэлъуэ Африкэм и кьэралхэм кьулейсызхэмрэ Индиемрэ. Абы къегъэуэ дэнэ щІыпІи нэтай хабзэхэр щагъэувын хуейщ. Сыт Урысеймрэ ищІэн хуейр?

Франджым Демографие къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым кьельытэ 2050 гъэм дунейм щыІу меларди 9-рэ мелуан 701-рэ щыпсэуну. Ар узижьгъэуэнщ: иджыпстуи щыхуэхэм ерагъкІэ яхуриКъу кьудейщ щІы кьулеиГъэхэр. Илъэс кьэс хохьуэ бензиным, псым, ерыскъым я уасэхэм. ЩІыуэпсыр яуфІей зэрыптщ, щІхьэ ныбжь мылылъхэр кьоткІу, псыежьэхэр, хьэуар фІей мэхъу. ЩІыткІэр зэрамыхъуэкІмэ, ди бынхэр псэунущ, зэрыжаІэщ, зым и блынкъыр адрейм лъэІэсу.

Я зэхуэдитІым псы ягъуэтынукъым

Китайм и Куньмин кьалэм щыпсэу профессор Льюнг Ван «АнФ»-м и лэжьакІуэм къыщепсалъэм Іуэхум зэрепльэр щхьэтечу жиІащ. Ар ящыщщ КНР-м «Планетэр къедгъэльнщІ» зэгуэхьэныгъэр къыщызэзыгъэпэщащэм. Абы хэтхэр щІобэн ЩЫм щыпсэу цІыхуэхэм я бжыгъэм хэмыгъэхъуэным. Абыхэм трагъэчынныхь: дунейр зи цІыху бжыгъэхэм мардэ хуэзыгъуэва Китайм и щапхъэм дэплъенк хуейщ. «Мы зэманым ирихьэлІэу китайхэм я бжыгъэр меларди 5-м нэсыфынут, - жеІэ Льюнг Ван. - АрщхьэкІэ -Зы унагъуэм і - зы сабий закъуэ» программэм, кьэуды ткІийхэм, уэндэгъэту зымыщІ Іэмэпсымэхэр зэрыпудым Іуэхуфіхэр къриКІуащ». КНР-м щыщхэр зэгуегъэпэ дунейм щыпсэуэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэр Китайм и закъуэ кьыпкърыкІыу къызэратыгъэм. «Ар тегъэщІапІэу кьагъуэта къудейщ, - идэркъым Гонконг щыщ демограф Чон Ричард. - Пэжщ, Китайм щопсэу цІыху меларди 9-рэ мелуан 350-рэ. Ауэ а бжыгъэм зы илъэсым кьыхэхъуэр процент 0,49-рэщ - дунейм щынэхь цІыкІу дыдэхэм ящыщщ. АрщхьэкІэ иджыпстуи щІыху зы меларди 9-рэ мелуан 212-рэ щыпсэу Индием сабийуэ хуэдищкІэ нэхъыбэ кьыщалъхуну КНР-м ельытауэ. АтІэ хэт дэ тщыщу нэхъ щынагъуэр? Гу лъатэркъым Африкэм. Ар, пІатъэ дэкІмэ, къэуэну бомбэщ. Африкэ кІэралхэм сабий нэхъыбэр дыдэ кьыщалъхуэ: Нигерым и зы цІыхубзым сабии 8 хуэдиз (ику иту) дунейм кьытрегъэхьэ. ЦІыхуэхэр нэхъыбэрэ псэу хьауэ, узынщагъэ ІэнатІэр ЮфІакІуэу, куэд щІауэ зауэщхэр екІуэкІыркъым. Тельыджэщ, ауэ псэуныгъэкІэ щыІэ Іэмалхэр Щым зэрыщефІакІуэм ар езыр икІуэдыкІыжьнкІэ хъунущ...»

ООН-м кьигъэльагъуэ бжыгъэхэм ятепщІыхьмэ, Щым и цІыхухэм ящыщу зы меларди 9-рэ мелуан 701-рэ щыпсэуну. Ар узижьгъэуэнщ: иджыпстуи щІыхуэхэм ерагъкІэ яхуриКъу кьудейщ щІы кьулеиГъэхэр. Илъэс кьэс хохьуэ бензиным, псым, ерыскъым я уасэхэм. ЩІыуэпсыр яуфІей зэрыптщ, щІхьэ ныбжь мылылъхэр кьоткІу, псыежьэхэр, хьэуар фІей мэхъу. ЩІыткІэр зэрамыхъуэкІмэ, ди бынхэр псэунущ, зэрыжаІэщ, зым и блынкъыр адрейм лъэІэсу.

Факъырэхэр Іэщэкіэ мэдатъэ

- Китайхэм хэІущІыну ящІащ адрейхэм жаІэн зыщыгьнынэр, - жеІэ Австралием щыщ экологт Лонгвэй Остин. - Европэмэ Урысеймэ щІыху бжыгъэм щыкІэроху, ауэ Африкэмрэ Азиемрэ ар псынщІэ дыдэу щыдоуей. Американ щІэныгъэлІ Мартин Джеймс къызэрибжамкІэ, иджпстуу хуэдэу сабий зрагъэгъуэтмэ, 2100 гъэм ирихьэлІэу ЩЫм щыпсэунущ щІыху мелард 20 (I) АрщхьэкІэ бжыгъэхэракъым нэхъыщхьэр. Къэрал фажьырэхэм сабийуэ хуэдипщІкІэ нэхъыбэ кьыщалъхунущ кьулейсхэм ельытауэ. Абы кьишэнущ къэрал кьулейсызхэм кьулейхэр ядэгуэшэну кьагъэувынщ. Псори ягъэшынэну хущІэкъунущ. Атом бомбэ зиІэ Корее Ищхъэрэм иджы щыщІэдзауэ ерыскъыкІэ ядофІыжьну. Абы и щапхъэм ирикъунущ адрейхэри: а къэралхэм кьагурыїуэнущ ядэрнэ Іэщэ зиІэр пщІэншэу ямыгъашхэу зэрымыхъунур.

Аращи, Китайм и щапхъэм тету, мардэ хуагъэувын хуейщ языныкъуэ къэралхэм сабийуэ кьыщалъхум. ЭкІэ мы гупсысэр зыри зыпэмыплъауэ е егъэлеяуэ кьащхьэнкІэ хъунщ. АрщхьэкІэ зэгуэр ООН-м и Іэщ1агъэлІхэр Африкэмрэ Азиемрэ кІуэнкІэ зыхуэІуа щыІэкъым, щыхуэ бжыгъэр зыхуэдизым кІэтъыплъын мурадкІэ.

Китайр куэд щІауэ хущІокъу пашэ хъуну. КНР-м щыщ дохутырхэм афІэкІа мылъхуэжьыну мурад зыщІа африкан щыхубзхэм ахъшэшхуэ щрат. -Зы унагъуэм - зы сабий- кьыхуеджэнныгъэр дэнэ щыпІи щыхьипщэу, Китайм и мураду кьыщІэкІынщ дунейм тепщэныгъэр щиубыдынущ. АрщхьэкІэ Іуэхур абыкІэ зэфІэха хьуркъым. Зи щыху бжыгъэм щыкІэрыху Урысейр кьаухьуреихь сабий куэд дыдэ кьыщалъху къэралхэм. Таджикистаним, Узбекистаним, Кьыргъызым щыху мелуан 44-рэ щопсэу: 2050 гъэм ирихьэлІэу я бжыгъэр хуэдитІкІэ дэкІуеину кьыщІэкІынущ. Дэ гастарбайтерхэм датхьэлэ, ауэ ари мардэ щымыгъ кьыщІедз. ПсыР, ерыскъыр, гъэсэныпхъэр ящуэнын хуей хьунэ, дэ ди щІыналъэм кьызэрагъэпэщ абыхэм кьыкІаХэр. Ар кьыщІыхьну зэманыр жьыкъуэ зэкІэ кьытрдІэщІми, абы иджпстуу дегупсысыпхъэщ.

ЗОТОВ Георгий.
Гонконг - Куньмин (Китай).
«Аргументы и факты».

● Еджапіэ

Урысеймрэ и кавказ сабийхэр

Урысейм и Следственнэ комитетым Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм къыщыдэлъытыжыщ кадет еджапІэхэр.

АР СТАВРОПОЛЬ щыжиІащ УФ-м и Следственнэ комитетым и унафэщІ Бастрыкин Александр (Ставрополь къыщыдэІуахаГъэхэщ апхуэдэ еджапІэ).

Бастрыкиным зэрыжиІамкІэ, Шэшэн, Дагъыстан, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм я унафэщІхэм мы Іуэхур къыдэІыгъащ. Къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и школитІым щыІащ кадет классхэр. Май районым и Октябрь посёлкэм къыщызэІуаха школ-интернатым дыщыщыІам мыкІащ-жаІащ мы гъэм абы щІэтІысхьэну хуеяуэ зэхьэзэхуар КъБКъУ-м щыІа зэпеуэм зэрыщхьэпрыкІар: цІыху 15 кІащтэнум хэхуэн папщІэ щІалэ 86-рэ зэхьэзэхуащ.

Къэухьпатэзехуэу щыта, дзэм подполковникыу къыхэкІыжа, мы школ-интернатым и унафэщІ Биттиров Борис зэрыжиІэмкІэ, республикэм и районыбзэ - адыгэхэр, балъкъэрхэр, урыскэр, осетинхэр - зэдоджэ. Школ-интернатыр мы гъэм хъэзыухахэм ящыщу 11 щІэтІысхьащ МВД-м, ФСБ-м, Гъунэмкъэхъумэхэм я кадетІэ нэхъыщхьэхэм.

Биттировым жеІэ школ-интернатым щІэтІысхьэну хуейхэм я узынщагъэмрэ щІэныгъэм зэрыхэзагъэмрэ къызэрапщытэр. Урысибзэ, математикэ, физкультура - а щыр дерс псоми я щхьэщ. «ДыщыхэдзкІэ, псом ягъэ идгъэщыр унагъуэшхэм, унагъуэ хуэмыщІам щыщхэмрэ дзэм хэту е хабзэхъумэ Іэнатіам пэрыту яуклам я бынхэмращ.

Республикэм щыщу дызэупщІахэм къызэраупщІамкІэ, апхуэдэ еджапІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ. «Ди бынхэр щыдгъэкІащ: япэщыкІэ зэрыджэгун хьэпшыпІ, итІанэ диплом къахудощэху», - жеІэ налшыкдэс КъэущІысокъуэ Мыхьэмэт. И унэцІэр къыджезыІэн щыхьэмыда налшыкдэсым къыхигъэщащ: «Тхьэм и шыкурщ кадет еджапІэхэр зэрыдиІэнур! Кавказым щыщ щІалэхэр дзэм ирамыджэу къызэраубгъэрэ, дэ цІыхуфэ къыдапІыжьыркъым. Нэхъапэм дзэм ирамыгъэшэн щхьэкІэ Іулъхьэ ирату щытамэ, иджы драгъэшын щхьэкІэ ахъшэ ират Кадет еджапІэхэр къызэрызІуахыр и щыхьэту къыщІэкІынущ зэрыхъэлым и унафэщІхэм, апхуэдэуэ еджапІэхэм, Кавказыр яфІэкІуэдынкІэ зэрыхъэнур къаззэрыгурыІуам».

ОЛЕНИНЭ Вера.
«МК в Кабардино-Балкарии».

Къэрал Думэм етІуанэ еджагъуэкІэ кьищтащ тутыным и бий хабзэхэр зымыгъэзащІэхэм тезыр зэрыгралъхьэну щІыкІэр зыубыху законым и проектыр.

ДЕПУТАТХЭР арэзы тезхьащ сабий джэгупІэхэм тутын щефэхэм сом мини 2-кІэ мыхьуу, сом мини 3-кІэ етхьэкъуну хабзэм зэрирагъэуэным.

БалигъыпІэ имыувахэр тутын езыгъафэхэм тралъхьэ къуэдыхэри драгъэкІуей. Езыгъафэхэр хамэу щытмэ, къуэдыу я ятын хуей хьунур сом мин 1,5-кым, атІэ сом мини 2-щ. Абы и лъэныкъуэкІэ къэушцар езы адэ-анэхэр е хабзэкІэ кьыкІэлъыплъ щхьэкІэ щыІэ ныбжьыкІэ къэушцар арамэ, къуэдыр сом мини 3

Тхэн щIидзагъащIэми

Абрэдж (Урыс) Аллэ КъБКъУ-м нэгъэщI къэралыбзэхэмкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэ нэхъыжьщ, усэнри и Iэщ1агъэ нэхъыщхьэхьым. Аллэ зэрэитхэр урысыбзэщ, усэн зэрыщIидзэри куэд щIакъым, езым зэрыжиIэмкIэ, итъэсрэ ныкъуэрэ-итъэситI хъуами аращ. Аущ а Iуэхум зэрыдихьэхам, и фIэщ дыдэми зэрелажьым и щыхьэпщ зы усэ тхыть игъэхьэзыру кьыдигъэкIыну зэрыхуцIыхьар.

«УэзрыщIуту укьэнэжыныр насыпщ» тхылъым ит усэхэм Iупщ1у щыдольагъу аэр зи Iэдакъэщ1экIым и гупсысэкIэр, дунейм, гъащIэм зэрепль щIыкIэхэр. Абрэджыр усэм и макъ щабэ гурыхьхкIэ гъащIэм и хабзэхэм, цыхъм и щытыкIэм топсэльыхьри, зытепсэльыхьри гум дыхьэу зыхьдегъэщIэф.

Фи пащ1ьэм идольхьэ Аллэ и тхылъым кьыхэтха усэ зыбжанэ. Си гугъэщ тхэн щIэзыдзагъащIэр усыгъэм зэрыхуэшэрыуэр абыхэм дагъэльагъуу.

УЭРЭЗЕЙ Афлик, *усакIуэ.*

★★★

АБРЭДЖ Аллэ и усэхэр

* * *

Мы дуней ныкъуасныгъэншэу
ХэкIэрэхъухым хунту хьэршым
ЗэрымышIэкIэ дыкьыгохьэри,
Iэджи зэтхъуэкIыну ауэкь дохьэ.
Ди гугъэжу егъэсфIакIуэ зыгуэрхэр,
Ди щхьэм бжьэ еуауэ дытетщ гъуэгухэм.
Ауэ акъылым тхуемыгъащIэ
Мы щIым дыззэрытетыр хьэщIэу.
Мыбы щыхэгъэрейр щIыуэпсырщ,
Гъащ1эм дышигъафIэу сабиныпсэу.
Кьыщыхьуми зэранщIуэ зззэмызэ,
Хуогуапэфыр ар сабий псэ къабзэм,
Уэнм имыщIу кьытхунмытIасэр зэхэщIыкIым,
Зышыбэ хэпъу гуапэу кьытхуопIъэкIыр,
Ди Iуэхущафэм иригъэхьми гугъу,
Бэщэчу Iэджи кьытхуегъэгъу,
Мыбы псорн щыззздохьэр, щыззэдокIур:
Птыьифи, епэр удэхэм я мэ гуакIуи,
Фащи, теплъи, макъи, нэхуи,
Дауущыщагъэм и зыущэхуи.
ЕшIэн, щыгуфIыкI, уи дэрэжьгъуэу,
Уэращ итыжри зи Iэззгъуэ -
Лъэужь къэбгъанэу уеужьжыпум игъуэу.

* * *

Си лъагъуныгъэр уэркъым - кьысхуэгъэгъу,
Уэракъым натIэу кьритхар си гъащIэм,
Уэ - у-Алыхькъым - тIуми ар долъагъу,
Ауэ кьысфIощI сыкъэбгъэщIа щIэрыщIэу.

Сымыпсэу пэтъытэщ уэрыншамэ -
ИмыIэжу мыхьэнэ къэзгъащIэм,
Узигъуэсэм кьыстокIэжри дамэ,
УогъэкIуэдыр сиIэгъар гухэщIу.

Ухуэдэщ имыщIэжуи кьыздикIыр,
Берычэтыр зи бэ щIыгулъым -
Щ1ым хэхуа жьыгэр къокIыкIри,
Нэшхуэгъэшхуэу зэкIуэщIех и гулъыр.

Насыпым ежьэ

Дэтхэнэми иIэжщ езым и пIалъэ.
Апхуэдэу жиIэгъащ зэгуэр лIы Iущым,
Хэти кьритхар и гъащIэ тхылъым
И Iэгуэхэм лэдэххэуэрэ кьатощыр.

Саугъэт тельыджэу кьыдитами гъащIэр,
Зыри псэуфкъым щыуагъэ Iэщ1эмыщIэу.
Кьэгъуэтыгъуейщ зэзэрыкIуэну гъуэгур,
Щ1ыуагъэхэр щытIэщ1эмыкIыу щIигум.

Кьыщыдмыгъэззэжьыф гъунапкъэм дихьэмэщ
КьыщыдгурыкIуэр - лъагъуныгъэрщ ди тхьэр.
Насып бгъуэтынкъым ефIэкIыну лъагъуныгъэм,
Упэмыгъэщмэ а насыпым, пхуэмыIыгъым,
Хунту утIыпщыжи, зумыIэжьэу,
Гур зэIух, насып кьэжIуэнум ежьэу.

* * *

Уаэхътыншэ кьыщигъэщIкъым уафэ щIагъым:
Щ1эдзапIэ зиIэм кIэухи иIэнущ.
Сыткlэ кьэсщIэн си лъагъуныгъэр
Гъащ1эр сухэхункIэ си гъусэну?

★★★

Сыткlэ кьэзгъэдэIуэну си гур,
Акъылыншэу темытъэдэну гъуэгум?
Мэшынэр зыгуэр фIыуэ ильагъуну,
Пэхъ кьыщIэу пIейтеншэм и тынцыгъуэр.
Куэд диIащ зэIущIи сэлам зэхъыжи,
КIуэдыжахэу, мыхьэнэ ямыIэжу.
КьысфIэIуэхужькъым иджы уи Iэ пIыщIар,
Ущежьэжми ба кьысхуэпщIар.

* * *

Уэшхыр икъукIэ фIыуэ солъагъур,
Псом хуэмыдэжу, щIэтмэ уафэгъуагъуэ.
ЗэрымышIэу уафэхъуэпскIым укъыгъаскIэу,
Пур кьыгъэлыдым нэр щигъэнкIыфIыкIыу.
Диржёр Iэзэм ещхь акъужьым
Псыхъэлыгъуэхэр ушэжу нрехужьэ.
Уэшхыр бэрэбанэ щоуэ си унащхьэм,
Щ1ызэролъэлъри щхьэгъубжэ абджьынэм,
Iэдэхэ гъгъанэу толъэдэжьыр щыкIыгъубжащхьэм,
Гуэл щхьэфэ абджьыр игъэпIэнкIыу,
И лъакъуэ кIыхьхэмкIэ зэпрокIыр,
Гъащ1э гъуэгуанэр и кIэм нэсым,
Жьэнэти жьыхьнмэн сахэмыдзу,
Сыхуейт кьигъэззжьыну псэм уэшхыпсу,
Уэгъум игъэхуэлэж жьыг хадэм.

Лъагъуныгъэм и теплъэхэр

Лъагъуныгъэ щIалэм мэгуфIэ и нэгур,
И нэхэр мэлыд, кьыщIелъэтыхьыр и псэм уэгум.
Балигъ лъагъуныгъэм Iуэхуэр кьосыр и щхьэм,
ТехьуэнкIыну хущIэмызэу,
Хуабагъэр и ныбжьэгъуэхэм ящхьэщIихьэу.
Жьы хьуа нэужькIэщ лъагъуныгъэм
Кьыщыптридзэр и уIэгъэр,
Гугъапlэ гъэри кьыхунмыгъэнэжу,
Гум и хъуэпсапlэхэр игъэункIыфIыжу.

Къэбэрдей

Къэшэж Иннэ и фэеплъу

Си пщIыхь щхъуантIэхэм уакъыхохьэ,
Мэз щIыIэтыIэм и мэ кьысщIебгъэхьэу,
Джабэ нэкIуэхэм щыхлъафэу жейм,
И уэрэдымкIэ кьызоджэ псейр.
Мыл джабэ щIагъэхэм кьыщIэж псыхэр
Зэхолъэдэжхэри толькъуну,
Мывэдженжьхэр играхьэхэр.
ДыхэIуэпэнущи куэд дэмыкIыу,
Щхэуу абы сыщIыгуфIыкIыу,
Си гуэ кьызогъэжьыжьыр
Ауэхэм жьыр кьызэрыщIыджэр,
Гуэл кхабзэхэм я щхьэфэ гъуджэр,
ХъупIэхэм я удз алэрыбгъур,
МэкъупIэ кIырым и удзымэр,
БакIуэIым ихь и вагъэбдзумэр,
Жьыг хадэхэм кьарих мыIэрысэмэр.
Уэрэ сэрэ идкьыстучкIэ
Дыхэпэжьыкьэмк ихьагъ,
Си фIэщ мэхъу щымыгъупщагъэ уи псэм
Хъыджэбз щIыкIу хэджэгуэхьар дыгъэпсым.

Къуэрылъхухэр

Сощ1эр, щопсэу мелыIычхэр щIылъэм,
Нэ хьэрэмыгъэншэкIэ кьыдэпIъу.
Ди гъащ1э Iыхьэм щIыщ гуэр тфIадыгъуми,
Дащ1ыгуфIыкIыу, икъукIэ ар тфIэигъуэу.
Пщ1ыр сыткlэ щхьэпэ -
Зэрытфlадыгъури ди гуапэщ.

ДгъафIэу яхудошийри ди Iэр,
Абыхэм папщIэ тхуэмыщIэн щымыIэ.
Зи лъагъуныгъэр кьытхуэхъуэхэр Iумахуэ,
Щэч хэмылъыжу, даун, ди кьуэрылъхуэрщ.

Сэ сыцIыхубзщ

Мы дунейм сэ сыщIыхэт, сыт сызнщIысыр?
Сахэт кьудейщ сэ схуэдэ куэдым зы псы ткIуэпсу,
ЗэрыщIыхабзэу ар тенджызым,
Шуугъэу снIэри, си нэпс кьабзи.

Пщэдджьыжь удз тхьэмпэм тель уэсэпсу,
Дыгъэ бзий нагъэхэр кьыспхупсу,
Псышхуэхэр сымыгъэгъужу,
Псынэ шэрашэу джабэм сыкьыщIэжу,

Кьырыщхьэм сыкъэпохупри псыпыхуу,
Iэгъупыкъуэу ауэ зэвыр согъэнэхур.
Згъэберычэту пхъэщхьэмыщIхьэр,
Жьг хадэхэм уэшх хуабэу сащхьэщохьэ.

Сэ сыцIыхубзщ, сыщыгуфIыкIыу гъащIэм,
Щ1ыхубзым кьыхунухар зыхэсщIэу,
Кьэсльыгэнущ нэхъ насып щымыIэу -
Псым хуэдэу ааулъагъу, кьызжаIэм.

Ауэ уэхуэубыдкьым, усфIожьэжьр,
Сэри сынкIэтъыгъкъым, нэпс щIэзгъэжу.
Сыт мы ткIуэпсхэр? Эшихьр кьытщхьэщохьэ.
ГъуэгурыкIуэм, жаIэ, абы насып кьыхуэхьыр.

Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Кавказ-бгырыс эскадрон ныкъуэм и обер-офицер.
Сурэтыр БЕЛОУСОВ Леонид *ящIащ.*

Ебгъуанэ къыдэкIыгъуэр

ЖУРНАЛЫР кьыдэуех ШIэныгъэм и махуэм, фокIадэм и 1-м, теухуа напкIэуцIымкIэ. Мыбдежым кьыщIигъуэтынщ щIэныгъэм ехьэлIа псалъэ Iущхэр. Кьыдэлыныкъуэ журналым «Республикэ зэкъуэшхэм я бэракъэр» псалъащхьэм щIэту тридзащ Къэбэрдей-Балькъэр, Апсны (Абхъаз). Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я бэракъэр. Адэжь тетщ Хьэту Пётр цыкIуэм якутха усэхэр. «Сабий театр» псалъащхьэм щIэту традзащ «Ашэмэзэрэ Мэлэчыпхъурэ» нарт хъыбарым зы теплъэгъуэу зэхэлъу Зэгъэщтокъу Людэ кьытрищIыкIа инсценировкэр.

Фызабэ тхьэмыщкIэм и щIалэ цыкIуищыр зэрыжьыдмыдаIуэм, абыхэм я щIэм гущIэгъу зэрыхуамыщIым, я щхьэ Iуэху фIэкIа зэрыззэрамыхуэм итъэгубжьа анэр кIыгуугу хьууэ унэм зэрыщIэльэтыкIам икIи абы бын гущIэгъунэхэм я деж кьыгъэззэжьи зэримыдам топсэльыхь Шыгъушэ Алий итхьжьа «КIыгуугу» таурыхьыр.

Белоруссием и Бобруйск кьалэм щекIуэкIащ цыхубз творчествэмкIэ 11-нэ дунейпсо фестивалыр. Кьэрал 16-м я лIыкIуэхэр зыхэта а зэхуэсым Кавказ Ищхьэрэм и цIэкIэ щыIащ Лэскэн районым и «Анзорей» кьэфакIуэ гупыр. Фестивалыр зэрекIуэкIамрэ «Анзорейм» абы кьыщихьа ехьулIэныгъэхэмрэ топсэльыхь Текlужь Заретэ игъэхьэзыра «Ныбжьэгъу зэхьыхьэ» тхыгъэр.

«ЩIэбл» псалъащхьэм щIэту кьытрадзащ фIыуэ еджэ, Iуэху зэмылIэужьыныгъэхэм дахьэх ныбжьыщIэхэм я сурэтхэр. КьыкlэлъыкIуэ напэм «Сурэтыщ1 ныбжьыщIэхэм» псалъащхьэм щIэту цыкIуэм ящIа сурэтхэр тетщ. Зенкьуэ кьужьэм дэт сабий садым и гъэсэн илъэси 5 зи ныбжь Шыгъушэ Камилэ бзыпхъэкIэ ищIа сурэтхэмрэ Дзэлыкьуэкьужьэ 1-нэ курыт еджапIэм и 3-нэ классым щIэс Лыцыкьу Милана итха «Лъабыкъу» хьыбар цыкIумрэ тетщ кьыкIэлъыкIуэ напэм. Адэкlэ журналым фигъэщIыхунщ 2010 - 2013 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр тедзапIэм ди тхакIуэ-усакIуэхэм сабийхэм папщIэ ятхауэ кьыдигъэкIа тхылъхэм.

Жыласэ Заур «Жанщэрэхъ» псалъащхьэм щIэту игъэхьэзыра тхыгъэхэм щыгъуаэ фищынщ спортсмен ныбжьыщIэхэм я ехьулIэныгъэхэм. «КъэщIэрей и быхьэм» итщ «Псалъэ щэрыуэхэр» зыфIаща ребусыр.

Адыгэ фащэм и дахагъыр журналым дегъэльагъу а фащэр ящыгъуу зи сурэтхэр тридза хьыджэбз цыкIуэмкIэ.

АБЗУАН Пщымахуэ.

ЩIэблэр хэкупсэу ягъасэ

Налшык къалэ округым и езанэ лъыхъуакIуэ гупым хэтхэр ежьыблагъэ я хьэщIащ Курп Ипщэ къуажэм дат еджапIэм щIэс ныбжьыщIэхэм. А школым щекIуэкIащ щIэблэр хэкупсэу гъэсэным теухуа дерс.

ЗэIущIэр кьыдэгъэпэщат Тэрч щIыналъэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и управленэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэмрэ Урысейм и ФСБ-мрэ МВД-мрэ я Тэрч куей къудамэхэмрэ. Хэку зауэшхуэм и напэкIуэцIхэм щыщу иджыри кьэс дызыщымыгъуазэхэр кьэтIэщIыжьыным, абы хэтауэ кьэзымыгъэзэжахэм я Iуэху зэрыкъуам и пэжыпIэр, зауэлIхэм я щIэ-унэцIэхэр зэхэгъэкIыным теухуауэ ящэ лъыхъуакIуэ гупым хэтхэм зэфIагъэкIхэм школакIуэхэм яхутепсэльыхьащ гупым и унафэщI Степанов Андрей, Урысей МВД-м и лэжьакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэу Кавказ Ищхьэрэм щыIэ институтым и музеим и налшык къудамэм и унафэщI Кузьмин Евгений, КъБР-м щыIэ МВД-м и «Фэеплъ» лъыхъуакIуэ гупым и лIыкIуэ Заруцкий Олег сымэ. Фигу кьэдгъэкIыжьынщи, а гупым хэтхэрщ Курп лъагапIэхэм деж щыхэкIуэда совет сэлэтхэм ящыщу 10-м я къупщхьэхэр 2012 гъэм къэзыгуэтыжар.

ЗэIущIэм хэтащ Тэрч районым балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ и Iэнатlэм и унафэщI Кьанкъуэщ Ася, ЕгъэджэныгъэмкIэ управленэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ и къудамэм и унафэщI Накуэ Сослан, Курп Ипщэ кьужьэм и ветеранхэм я зэгуэхъэныгъэм и тхьэмадэ Ащхъуэт Хьэутий сымэ. Ныбжьыщ1эхэм а махуэм Iэмал яIащ плащ-палаткэр зытраубгъэну, зауэлIым и гъущI пыIэ IуыкIуэ зыщхьэратIэгъэну, апхуэдэуи совет зауэлIхэм я фочхэм еплъыну - кIэщIу жыпIэмэ, зэман жыжьэм нжь зыщIрагъэхуну. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм «кьикIа» хьэпшыпыщIэхэр иIэ хъуащ иджы школ музеим. КъэльыкъуакIуэхэм школым тыгъэ хуащIащ шэ зыпхыкIа щыуам цIыкIур, совет топышэм и кьутахуэхэр, пIатIрон гъэуахэр.

ЗэIущIэм и кIэуухым Степанов Андрей ныбжьыщIэхэм яжриIащ, езыхэр хуеймэ, я адэ-анэхэми кьыхуадэмэ, я лъакъуакIуэ зекIуэхэм ящыщ зым ахэр здрашэжьэну зэрыхьэзырыр.

КIУАНТIЭ Замирэ,
Тэрч районым и щIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

Зыри тщыгъупщакъым

Хабзэрэ щэнхабзэрэ



Къэрал лъэпкъ библиотекэм хамэ къэрал литературмкIэ и къудамэм щдкьоблагъэ зIуIущIэ щхьэпэ ирегъэкIуэкIащ.

КъУДАМЭМ и унафэщI Къасокъуэ Джульеттэ, абы и лэжьакIуэхэр Ерчэн Татьянэ, Пак Элэ, Къущхьэ Мадинэ сымэ зэIущIэм ехьэлIауэ тхыль гъэльэгъуэныгъэ ягъэхьэзыращ, «Испания - далекая и близкая» и фIэщыгъэ. Гъэльэгъуэныгъэм кьыхощ Испание кьэралыгъуэм и тхыдэр, пасрей зэманым кьыщыщIэдзауэ и нобэрей махуэм къэс.

Испаниеми и щыIкIэ-псэукIэм тепсэльыхьыну зэхуэсым кьраугъэIуэ КъБКъУ-м испаныбзэмрэ щэнхабзэмкIэ и щIэныгъэ центрым и унафэщI Апажэ Лейлэ.

Лейлэ Испаниеми и ХалащIэ Мадрид илъэс зыбжанэкIэ щыхьэщIащ, гу зылыта Iуэхугъуэхэми зэIущIэм кьрихьэлIахэм щахутепсэльыхьащ. Мадрид кьалэм лъэпкъ зэмылIэужьыныгъэ куэд щопсэу, кьалэм и тхыдэм укIэльыплъмэ, щIэдзапIэ хуэхъур хъэрыпхэрщ икIи хьэрыпыбзэкIэ кьикIыр «псынэ кьибыргъукIэ жиIэу араш. Хьэрыпхэр а щIыпIэм щытепщэу щыщыта зэманым фIащат ар. Мадрид кьулейщ, музей гъэщIегъуэнхэр дэтщ, дэнэкIэ зыбгъазэми, уи абрагъуэ зэкIужхэр уолъагъу, члиз даххэр и куэщ, барокко лъэхъэнэм тету кьалэр ухуащ.

КьинэмышIащ, зэIущIэм щытепсэльыхьащ Испаниеми щызэкIуэ хабзэм, я щIэхабзэм, щхьныгъэхэм. Дуней псом щыщIэрыIуэ я щIыху тельыджэхэми я гугъу ящIащ. Апхуэдэ Гарди Антонио, Миро Хуано, Каррерас Хосе, Пикассо Пабло нэгъуэщIхэр.

КъекIуэлIахэр ирагъэпльащ Испание кьэралыгъуэм и тхыдэр кьыслъэхэщ видео икIи ар гъэщIегъэн ящыхьащ.

ЗэIущIэм хэтащ школакIуэхэр, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэхэр.

Ар зыгъэхъэрахэм я гупсысэ нэхъыщхьэу щытар, кьиэзрыдгуфIуамкIэ, библиотекэм къекIуалIэ еджакIуэхэр дахагъэм кьыхуедэнырщ, лъэпкъ зэкъуэтынныгъэ щыIэн папщIэ, нэгъэщIщ щэнхабзэхэми пщIэ хуащIу гъэсэн зэрыхуейрщ.

Тхыгъэри сурэтри **БЕЗЫР Леон** *ещIащ.*

Футбол

ЩэкIуэгъуэм екIуэкIыну зэIущIэхэр

ЯПЭ ДИВИЗИОН

Пlощlрэ еткIуанэ джэгуэгъуэ

Щ1ыкIуэгъуэм и 3
(тхьэмахуэ)

«Сибирь» (Новосибирск) - «Динамо» (Санкт-Петербург)
«Енисей» (Красноярск) - «Мордовия» (Саранск)
«СКА-Энергия» (Хабаровск) - «Арсенал» (Тулэ)
«Газовик» (Оренбург) - «Торпедо» (Мэзкуу)
«Химик» (Дзержинск) - «Салют» (Белгород)
«Уфа» (Уфа) - «Луч-Энергия» (Владивосток)
«Ангушт» (Нэрэн) - «Балтика» (Калининград)
«Алания» (Владикавказ) - «Спартак-Налшык» (Налшык)

Щ1ыкIуэгъуэм и 4
(блыщхьэ)

«Шинник» (Ярославль) - «Ротор» (Волгоград)

Пlощlрэ ещанэ джэгуэгъуэ

Щ1ыкIуэгъуэм и 10
(тхьэмахуэ)

«Мордовия» - «СКА-Энергия»
«Динамо» - «Енисей»
«Балтика» - «Нефтехимик» (Нижнекамск)
«Луч-Энергия» - «Ангушт»
«Салют» - «Уфа»
«Ротор» - «Химик»
«Торпедо» - «Шинник»
«Арсенал» - «Газовик»
«Спартак-Налшык» - «Сибирь»

Пlощlрэ еплIанэ джэгуэгъуэ

Щ1ыкIуэгъуэм и 17
(тхьэмахуэ)

«Сибирь» - «Енисей»
«СКА-Энергия» - «Динамо»
«Газовик» - «Мордовия»
«Шинник» - «Арсенал»
«Химик» - «Торпедо»
«Уфа» - «Ротор»
«Ангушт» - «Салют»
«Нефтехимик» - «Луч-Энергия»
«Алания» - «Балтика»

Пlощlрэ еткIуанэ джэгуэгъуэ

Щ1ыкIуэгъуэм и 24
(тхьэмахуэ)

«Мордовия» - «Шинник»
«Динамо» - «Газовик»
«Сибирь» - «СКА-Энергия»
«Луч-Энергия» - «Алания»
«Арсенал» - «Химик»
«Салют» - «Нефтехимик»
«Ротор» - «Ангушт»
«Торпедо» - «Уфа»
«Спартак-Налшык» - «Енисей»

● КъБР-м и прокуратурэм

Къалэнхэр зыгъэзащIэм и цIэкIэ

Налшык къалэм и прокуратурэм кьыпщытащ Къабэрдей-Балькъэрым Узыншагъэр хьумэныгъэ курортхэмкIэ и министерствэм и «Республикэ сабий клиникэ сымаджэщ» ГБУЗ-м IэнатIэр егъэфIэкIуэныгъэмкIэ законодательствэр зэрыщагъэзащIэр.

КъыззрахутамкIэ, а Iуэхум хухаха Iэмэпсымэр 2011 гъэ лъандэрэ кьагъэсэбэпыркъым. ЩIэзэусыгъуэр абы иригъэжьэфыну Iэщ1агъэлI хэха зэрамыIэрщ.

Къэпщытэныгъэм кьрикIуам ипкъ иткIэ, ныкъусаныгъэр ирырагъэзэкIуэжьи, кьуаншэхэр жэуапым ирашэлIэн папщIэ, «РДКБ» ГБУЗ-м и дохутыр нэхъыщхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэм и цIэкIэ тхылъ ятхащ.

АБЗУАН Пщымахуэ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдзэкIынур жэпуэгъуэм и 26-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **ЖъэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Итсэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIхьэщмыщI Изэ.**

КьыдзэгъэкIхэмрэ редакцIэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленниным и уэрам, 5, еблагъаныпIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядолажьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьгъэхэм, кьышIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытехэм пэсу жуэн яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтехуэ зэныгу щытыкъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и щIэ дольщ КъБР-м федеральнэ нощт эныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и щIэ дольщ КъБР-м федеральнэ нощт эныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1998 гъэм щыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хэнныныгъэр хьумэныкIэ Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленниным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жуэн зыхь секретарым и къуэдзэ **Къаншокъуэ Эллэ,** редактору **Жыласэ Маритэ,** корректорхэу **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 5, 6-нэ нап.).* ***КомпьютеркIэ газетым и теплъэр щIащ*** **Ныр Саидэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.757 ● Заказ №2697